1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ

№78 (24.360)
2022 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 2, щэбэт

Тхьэмахуэм щэ къыдокI • adyghepsale.ru • adyghe@mail.ru • И уасэр зы тумэнщ



# Ухуэныгъэщ1эхэр яубзыху

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Файзуллин Ирекрэ Москва щрагъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ ухуэныгъэм зэрызрагъэужьынум, «Жилье и городская среда» лъэпкъ проектым хыхьэ федеральнэ программэхэр зэрагъэзащIэм, апхуэдэуи коммунальнэ IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным епха упщIэхэм.**

ФАЙЗУЛЛИН Ирек къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мы илъэсым и япэ мазитхум псэупIэу щаухуар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 44-кIэ зэрынэхъыбэр. «Иджыпсту IэнатIэм къалэн нэхъыщхьэу щыдиIэр псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр къэгъэщIэрэщIэжынырщ, абы Iэмал къыдитынущ объектыщIэхэр духуэну икIи цIыхухэр фIагъ зыпылъ IуэхутхьэбзэхэмкIэ къызэдгъэпэщыну», - жиIащ министрым.

Республикэр жыджэру хэтщ «Псы къабзэ», «Ущыпсэун папщIэ къэбгъэсэбэп мыхъуну псэупIэхэр гъэмэщIэн», «Къалэ зэIузэпэщ къызэгъэпэщын», «Стимул» федеральнэ программэхэр гъэзэщIэным.

2022 гъэм республикэм «Зыхуей хуэгъэза ухуэныгъэрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ» унэтIыныгъэмкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм ящыщу и кIэм нагъэсыну я мурадщ ухуэныгъэ, зэгъэпэщыжыныгъэ объекту 48-рэ. Федеральнэ, щIыналъэ бюджетхэм къыхэкIыу абы текIуэдэнущ сом меларди 7-м нэблагъэ. Ахэр нэхъыбэу егъэджэныгъэ, щэнхабзэ, спорт, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэхэмкIэ яухуэ, зэрагъэпэщыж ухуэныгъэхэращ. «Проектхэр нэхъапэкIэ зэрыдубзыхуам тету догъэзащIэ, дгъэува пIалъэм зэрыхунэсынур, лэжьыгъэм и фIагъыр махуэ къэс къыдопщытэ. Абы кIэлъоплъ къэрал органри лэжьыгъэхэр щагъэзащIэ щIыналъэхэм я администрацэхэм я унафэщIхэри», - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

«Къалэ зэIузэпэщ къызэгъэпэщын» щIыналъэ проектымкIэ къэралым щыпэрыт хэгъэгуи 10-м я деж 7-нэ увыпIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIыгъащ. Апхуэдэуи «Ущыпсэун папщIэ къэбгъэсэбэп мыхъуну псэупIэхэр гъэмэщIэн» программэмкIэ республикэр ехъулIэныгъэ къэзыгъэлъагъуэ щIыналъэхэм яхэтщ. Инфраструктурэр егъэфIэкIуэным дэIэпыкъуэгъу зэрыщагъуэтым и фIыгъэкIэ псэупIэ ухуэныгъэхэм къахэхъуэурэ макIуэ. «Стимул» федеральнэ проектымкIэ цIыхухэр зэпыу имыIэу псыкIэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр йокIуэкI. КъищынэмыщIауэ, а унэтIыныгъэмкIэ инфраструктурэр къэгъэщIэрэщIэжыным теухуауэ 2023 - 2024 гъэхэм «Псы къабзэ» федеральнэ проектымкIэ щIыналъэм сом мелуани 130-рэ къыхуаутIыпщащ, ахэр муниципалитетхэм IэрагъэхьакIэщ.

ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм зэхъуэкIыныгъэхэр щегъэкIуэкIынымкIэ сэбэп яхуэхъу фондым зэрадэлажьэм ипкъ иткIэ, псэупIэ-коммунальнэ комплексым и объектхэр зэгъэпэщыжыным, къэгъэщIэрэщIэжыным теухуа проектхэм хоплъэ. Мы илъэсым а Iуэхум трагъэкIуэдэну сом мелуан 260-рэ хухахыну я мурадщ.

Щхьэхуэу тепсэлъыхьащ Бахъсэн щIыналъэм псы зэрыкIуэ бжьамийхэр зэбгрышыным теухуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр здынэсам, бюджет кредиткIэ объектыщIэхэр ухуэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм. УФ-м ФинансхэмкIэ, Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэхэм дащIа зэгурыIуэныгъэхэмкIэ Бахъсэн къалэ псы зэрыкIуэ бжьамийхэр километр 70-кIэ щызэбгрышыным теухуауэ ирагъэкIуэкI ухуэныгъэхэм трагъэкIуэдэну мылъкум и япэ Iыхьэр - сом мелуан 428-р - республикэм къыIэрыхьащ. Мы илъэсым а проектыр гъэзэщIэным псори зэхэту трагъэкIуэдэну къагъэлъэгъуащ сом зы мелардым щIигъу. 2023 гъэми апхуэдиз дыдэ ихьыну къалъытащ, а илъэсым и кIэм ухуэныгъэр хьэзыр ящIыну я мурадщ. Апхуэдэуи Дзэлыкъуэ щIыналъэм псы зэрыкIуэ бжьамийхэр щызэбгрышынри и кIэм нэгъэсынымкIэ щыIэ Iэмалхэми я гугъу щащIащ зэIущIэм, абы текIуэдэну мылъкур къалъыхъуэ, апхуэдэуи ар республикэ бюджетым къыхэгъэкIынымкIэ хэкIыпIэхэри зэпалъыт.

КIуэкIуэ Казбек УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым фIыщIэ хуищIащ инфраструктурэ ухуэныгъэхэр, къалэ зэIузэпэщ къызэгъэпэщынымкIэ зэгурыIуэу зэрызэдэлажьэм икIи Iуэхур къызэрыдаIыгъым папщIэ. «Абы и фIыгъэкIэ псэупIэ ухуэныгъэмкIэ пIалъэ кIыхьым тещIыхьа инвестицэ проектхэр дубзыхун, хьэрычэтыщIэ Iуэхум, мэкъумэш хозяйствэм, турист IэнатIэм зедгъэужьын тхузэфIэкIынущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэмкIэ абыхэм мы зэманым мыхьэнэшхуэ яIэщ», - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

# ХьэщIэхэр ирагъэжьэж

**Ди газетым зэрытетащи, мэкъуауэгъуэм и кIэхэм Адыгэ Республикэм и махуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым гукъинэжу щекIуэкIащ, абы и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъумрэ Урысейм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм я гъэу мы илъэсыр зэрагъэувамрэ я щIыхькIэ (Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Шэшэн республикэхэм 2022 гъэм ягъэлъапIэ я къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъур).**




СУРЭТЫЩI гъуазджэхэмкIэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм, мэкъуауэгъуэм и 27-м къыщызэIуаха «Промыслы и ремёсла Адыгеи» выставкэм щагъэлъэгъуащ Адыгейм и цIыхубэ IэпщIэлъапщIэхэм я IэрыкI гъэщIэгъуэнхэр. Ди къуэш республикэм и художникхэм я лэжьыгъэхэм наIуэ къытщащIащ я щIыналъэм и дахагъэр. Абы зрезыгъэхьэлIа дэтхэнэми Iэмал иIащ игу ирихьа хьэпшыпыр къищэхуну.

А махуэм и пщыхьэщхьэм сыхьэт 19-м КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым щекIуэкIащ Республикэм и филармонием и Къэрал симфоние оркестрым и концерт. Абы къыпызыщэу щытащ мэкъуауэгъуэм и 28-м Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ и колледжым «Русская удаль» къэрал оркестрым щита концертыр.

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэлъэгъуащ Адыгэ Республикэм Цей Ибрэхьим и цIэр зезыхьэ и Лъэпкъ театрым и «Шу махуэ» спектаклыр. Тхыдэр, лъэпкъ хабзэр, напэр, цIыху псоми ялъытэ лъапIэныгъэхэр, пцIым лъакъуэ зэрыщIэмытыр зи лъабжьэ, Дербэ Тимур и пьесэм къытращIыкIа спектаклыр зыгъэувар киномрэ театрымрэ я режиссёр цIэрыIуэ ЕмкIуж Андзорщ. КъыжыIапхъэщ, лъэпкъ драматургхэм я зэпеуэу Адыгэ Республикэм щекIуэкIам (я къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ) а пьесэр лауреат зэрыщыхъуар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэщIэхэм концерт, спектакль, выставкэ жыпIэми, гуапагъэрэ зэныбжьэгъугъэкIэ гъэнщIа куэд дагъэлъэгъуащ. Абыхэм я фIыгъэкIэ нэхъыфIу къэтщIащ Адыгейм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я зэфIэкIыр. ДяпэкIэ апхуэдэ Iуэху дахэхэм къыпащэну лъэныкъуэхэр зэгурыIуэри, хьэщIэхэр ирагъэжьэжащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Адыгэ пщащэм и зэфIэкI лъагэр

**Мы махуэхэм ди къэралым и щIыналъэхэм щокIуэкI щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта щIалэгъуалэм абы щыхьэт техъуэ тхылъхэр (дипломхэр) щратыж гуфIэгъуэ зэIущIэхэр. Москва Союзхэм я Унэм дыгъуасэ щызэхэта апхуэдэ гуфIэгъуэ пшыхьым щагъэлъэпIащ Сеченовым и цIэр зезыхьэ Езанэ къэрал медицинэ университетыр ехъулIэныгъэ лъагэхэр яIэу къэзыухахэр.**



ДИ гуапэ зэрыхъущи, къэралым и щыхьэрым щIэныгъэ щызэзыгъэгъуэтахэм яхэтщ ди республикэм щыщ куэди. Абыхэм ящыщ зыщ зи цIэ къитIуа еджапIэ нэхъыщхьэм дохутыр IэщIагъэм щыхуеджа адыгэ пщащэ Къумахуэ Лианэ. ЕджапIэ нэхъыщхьэр «5» защIэкIэ къэзыуха ди лъахэгъум диплом плъыжьым щIыгъуу къыхуагъэфэщащ «ЕхъулIэныгъэ лъагэ дыдэ зиIэ» («Преуспевающий») дыщэ медалри. Ахэр адыгэ пщащэм къритыжащ университетым и ректор Глыбочкэ Пётр.

Гу лъывэдгъэтэну дыхуейт Лианэ Налшык къызэрыщалъхуар икIи республикэм и къалащхьэм и курыт еджапIэ №5-р фIы дыдэу къызэриухар. Абы иужькIэ ар щIэтIысхьащ Сеченовым и цIэр зезыхьэ Езанэ къэрал медицинэ университетым. Дохутыр IэщIагъэр къыхихынымкIэ Лианэ щапхъэ хуэхъуащ и анэ Къумахуэ (Къалэбатэ) Альмирэ, Москва дэт клиникэ сымаджэщ №40-м («Коммунарка») анестезиолог-реаниматологыу щылэжьар икIи коронавирус уз зэрыцIалэм жэщ-махуэ жамыIэ ерыщу пэщIэтахэм ящыщ зыр.

Еджэныр фIы дыдэу зэфIэзыха адыгэ пщащэ цIыкIуми, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтарэ мурадыфIхэр зиIэу лъэбакъуэщIэхэр нобэ зыч псоми дохъуэхъу я хъуэпсапIэхэр нахуапIэ хъуну, узыншагъэ, насып, дэрэжэгъуэ яIэу лъэ быдэкIэ гъащIэм хэувэну, къэралым, щалъхуа щIыналъэм яфI къызэрыкIын IуэхуфIхэмкIэ я цIэр жыжьэ Iуну.

**ТАМБИЙ Линэ.**

КъБР-м и Парламентым · Узыншагъэ





**КъБР-м и Парламентым и Унафэщӏ Егоровэ Татьянэ мэкъуауэгъуэм и 30-м иригъэкӏуэкӏащ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и гъатхэ лэжьэгъуэм и иужьрей зэӏущӏэр.**

# Гъатхэ лэжьэгъуэм и иужьрей зэӏущӏэ

Ар къызэӏуахын и пэ, КъБР-м и Олимп советым и Президент **Заруцкий Александр** и пщэрылъыр игъэзэщӏащ - абы КъБР-м и Парламентым и Унафэщӏым и къуэдзэ, алыдж-урым бэнэкӏэмкӏэ Олимп чемпион **Къардэн Мурат** иритыжащ Урысейм и Олимп комитетым къыбгъэдэкӏ «Урысейм и олимп зэщӏэхъееныгъэм зегъэужьыным хуищӏ хэлъхьэныгъэм папщӏэ» щӏыхь дамыгъэр.

Зэӏущӏэм щыхэплъащ КъБР-м Цӏыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкӏэ уполномоченнэм и къулыкъум **Зумакулов Борис** ягъэувыну къызэрагъэлъэгъуам. КъБР-м и Ӏэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лӏыкӏуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд Ӏуэхущӏапӏэхэмрэ щыӏэ **Дыщэкӏ Мадинэ** къыщыпсалъэм жиӏащ а къулыкъум Зумакулов Борис гъэувыныр КъБР-м и Ӏэтащхьэм къызэрыхилъхьар.

- Зумакулов Борис КъБР-м Цӏыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкӏэ и уполномоченнэм и Ӏэнатӏэм 2007 гъэ лъандэрэ Ӏутщ икӏи абы и Ӏуэху бгъэдыхьэкӏэмрэ зэфӏэкӏымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щимызакъуэу, адрей щӏыналъэхэми къыщащӏэ, пщӏэ къыщыхуащӏ, - къыхигъэщащ къэпсэлъам. - Тхыдэ щӏэныгъэхэмкӏэ доктор, КъБР-м, КъШР-м щӏэныгъэмкӏэ щӏыхь зиӏэ я лэжьакӏуэ Зумакулов Борис къыдолъытэ мыхьэнэшхуэ зиӏэ, жэуаплыныгъэ зыпылъ а къулыкъум пэрытыну хуэфащэу. Абы ипкъ иткӏэ КъБР-м Цӏыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкӏэ и уполномоченнэм и къулыкъур илъэситху пӏалъэм тещӏыхьауэ ирихьэкӏыну къыхыдолъхьэ.

КъБР-м и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Ӏулъхьэм пэщӏэтынымкӏэ и комитетым и унафэщӏ **Кривко Михаил** жиӏащ а Ӏуэхум нэхъ ипэӏуэкӏэ депутатхэр щхьэхуэу зэрыхэплъар икӏи Зумакуловым Ӏэнатӏэр къызэрыхуагъэнэжым арэзы къызэрищӏыр дэтхэнэми зэрыжиӏар.

«Захуагъэ здэщыӏэ Урысей – Пэжым и телъхьэ» фракцэм и пашэ **Кебеков Владимиррэ** «Щхъуантӏэхэр» фракцэм и унафэщӏ **Щхьэгъэпсо Сэфарбийрэ** къыхагъэщащ Зумакуловым и лэжьыгъэр сыт щыгъуи къызыхуэтыншэу зэригъэзащӏэр, къапщтэмэ, а Ӏэнатӏэм зэрыпэрытрэ цӏыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ ахэр хъумэнымрэ теухуа тхыгъэхэр щызэхуэхьасэ тхылъ 15 хуэдиз абы зэригъэхьэзырар.

Зумакулов Борис КъБР-м и Ӏэтащхьэм, КъБР-м и Парламентым и Унафэщӏ Егоровэ Татьянэ, УФ-м Цӏыхум и хуитыныгъэхэмкӏэ и уполномоченнэ Москальковэ Татьянэ сымэ фӏыщӏэ яхуищӏащ.

«Иджы еплӏанэу мыбдеж сыкъыдокӏ Конституцэм семыпцӏыжыну тхьэрыӏуэ сщӏын папщӏэ. Пэжыр жысӏэнщи, зэми си ныбжьыр къэслъытэу соукӏытэ, зэми сыкъыщалъхуа лъахэр, цӏыхухэр къызэрысхуейм, щӏыналъэм иджыри сыхуэлажьэ зэрыхъунум си гур хегъахъуэ. Абы щхьэкӏэ фӏыщӏэ фхузощӏ», - жиӏащ Зумакуловым. Апхуэдэуи псалъэ итащ Конституцэм тету зэрылэжьэнумкӏэ.

Егоровэ Татьянэ нэхъыжьым ехъуэхъуащ лэжьыгъэ купщӏафӏэ куэд иригъэкӏуэкӏыну.

Къищынэмыщӏауэ, депутатхэм зэдэарэзыуэ Ӏэ яӏэтащ Тэрч суд Ӏуэхущӏапӏэ №2-м и зэзыгъэкӏуж хеящӏэм и къулыкъум - Вэрокъуэ Мурат, Налшык суд Ӏуэхущӏапӏэ №13-м и зэзыгъэкӏуж хеящӏэу Кӏэш Заремэ зэрагъэувым теухуауэ.

Адэкӏэ зэӏущӏэм япэ еджэгъуэу щыхэплъащ «Республикэ закон щхьэхуэхэм къару ямыӏэжу къэлъытэнымрэ КъБР-м и закон языныкъуэхэм зэхъуэкӏыныгъэхэр хэлъхьэнымрэ ятеухуауэ» КъБР-м и законым и проектым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм административнэ хабзэхэр къызэпемыгъэудыным теухуа и кодексым халъхьэну къагъэлъагъуэ зэхъуэкӏыныгъэхэм щытепсэлъыхьым, КъБР-м и прокурор **Хабаров Николай** жиӏащ Прокуратурэм 2020 - 2021 гъэхэм къызэрыщӏигъэщар республикэм цӏыхухэр Ӏэнатӏэкӏэ къыщызэгъэпэщыныр зи къалэн Ӏуэхущӏапӏэхэм хабзэхэр тэмэму зэрамыгъэзащӏэр.

- Ахэр епхат Ӏуэхущӏапӏэм лэжьапӏэншэу зезыгъэтхыну къакӏуэхэм и чэзум я дэфтэрхэр къызэрыӏамыхам, щхьэусыгъуэ имыӏэу лэжьапӏэншэу къызэрамылъытам, лэжьапӏэншэу балигъ ныбжьым нэмыса сабий зиӏэхэм зэрызыщӏагъакъуэ ахъшэр, зи ныбжьыр илъэси 3-м къыщыщӏэдзауэ 7 хъухэм мазэ къэс ират дэӏэпыкъуныгъэр хуагъэувын папщӏэ, я дэфтэрхэм и чэзум зэрыхэмыплъам, япэ сабий къызыхэхъуахэм хуагъэува ахъшэр къызэрыкӏэрагъэхум, нэгъуэщӏхэми, - жиӏащ прокурорым. - Зи гугъу тщӏы пӏалъэм къриубыдэу КъБР-м и Прокуратурэм иригъэкӏуэкӏа лэжьыгъэхэм я фӏыгъэкӏэ, цӏыху мин 34-м я Ӏуэхур дгъэзэкӏуэжащ. Ауэ мы зэманми къохъу хабзэм къахуигъэувыр щамыгъэзащӏэ. Апхуэдэу 2022 гъэр къызэрихьэрэ зыкъызэрытхуагъэза Ӏуэхугъуэ мини 5-рэ 500-м я процент 34-м щӏигъур зытеухуар социальнэ ахъшэхэр зэрат щӏыкӏэрщ. Абы къыхэкӏыу Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрал, муниципальнэ Ӏуэхутхьэбзэхэр зэрыщыхуащӏэм и фӏагъым хэгъэхъуэнымрэ хабзэр къызэрызэпаудым и бжыгъэр гъэмэщӏэнымрэ теухуащ къыхэтлъхьэ зэхъуэкӏыныгъэхэр.

Кодексым халъхьа зэхъуэкӏыныгъэхэмкӏэ ягъэбелджылы щӏыналъэм и къулыкъущӏапӏэхэм, бюджетым хэмыт къэрал щӏыналъэ фондхэм, щӏыпӏэ унафэр зехьэнымкӏэ Ӏэнатӏэхэм, къэрал, муниципальнэ лэжьакӏуэхэм зи гугъу тщӏа Ӏуэхухэмкӏэ яхь жэуапыр.

Къыкӏэлъыкӏуэу депутатхэр хэплъащ «КъБР-м щыпсэухэм я дэфтэрхэр зэратх лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным теухуауэ» Законым халъхьэ зэхъуэкӏыныгъэхэм. Абы ипкъ иткӏэ, Къалэн куэд щагъэзащӏэ центрхэм пщэрылъ щащӏ цӏыхур къызэралъхуар, зэрылӏар къэрал дэфтэрым иратхэныр, абыхэм щыхьэт техъуэ тхылъхэр ятыныр.

Зэхъуэкӏыныгъэхэр халъхьэ «Лэжьапӏэ зымыгъуэт цӏыху щхьэхуэхэм квотэкӏэ Ӏэнатӏэ етын» КъБР-м и Законым и 4, 5-нэ Ӏыхьэхэм. Законопроектыр зытещӏыхьар ныкъуэдыкъуэхэмрэ балигъ ныбжьым нэмысахэмрэщ.

Депутатхэм къащтащ 2022 гъэм и япэ мазищым республикэ бюджетыр зэрагъэзэщӏам теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и отчётыр.

КъБР-м финансхэмкӏэ и министр **Лисун Еленэ** жиӏащ зи гугъу ящӏ пӏалъэм щӏыналъэм и бюджетым и хэхъуэр сом мелард 11,4-кӏэ зэрагъэзэщӏар, налогхэмрэ нэгъуэщӏ хэхъуэхэмрэ - сом меларди 3,2-кӏэ.

- 2021 гъэм и япэ мазищым ебгъапщэмэ, налог хэхъуэхэр сом мелуан 295-кӏэ нэхъыбэщ икӏи сом меларди 2,9-рэ хъуащ. Нэгъуэщӏ хэхъуэхэм щыщу сом мелуани 183-рэ диӏащ, - къыхигъэщащ министрым. - Хэпщӏыкӏыу нэхъыбэ хъуащ гъуэгу хабзэхэр къызэрызэпаудам теухуауэ ятха къуэдыхэр къызэратыжымрэ пщӏэ зыщӏат Ӏуэхутхьэбзэхэм къыпэкӏуэмрэ. Иужьрейм сэбэп хуэхъуащ «Пушкиным и картэр» республикэм щэнхабзэмкӏэ и Ӏэнатӏэхэм къагъэсэбэпын зэрыщӏадзар. Республикэм къигъэсэбэпар сом меларди 10,6-рэ мэхъу. Абы и процент 92-р социальнэ мыхьэнэ зиӏэхэмрэ Ӏуэхугъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэмрэ тедухуащ. Covid-19-м пэщӏэтыным сом мелуан 371-рэ хухэтхащ, абы щыщу сом мелуан 60-р федеральнэ бюджетым ейуэ. Гъуэгу лэжьыгъэхэм текӏуэдащ сом мелуан 311-рэ, ар хуэдитӏкӏэ нэхъыбэщ нэгъабэрейм елъытауэ. Мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлӏэу, къэрал щӏыхуэр сом меларди 7,4-рэ хъуащ.

Лисун Еленэ къыхигъэщащ 2022 гъэм и илъэс ныкъуэм налогхэмрэ нэгъуэщӏ хэхъуэхэмрэ проценти 110-кӏэ къызэрыхэкӏар, федеральнэ ахъшэр къызэрагъэсэбэпыфми хуэдитӏкӏэ зэрыхэхъуар.

Министрым жиӏам дыщӏигъуу, КъБР-м и Парламентым Бюджетымкӏэ, налогхэмрэ финанс Ӏуэхухэмкӏэ и комитетым и унафэщӏ **Афэщӏагъуэ Михаил** къыхигъэщащ 2022 гъэм и япэ мазищым хущхъуэхэр къэщэхуным сом мелуан 460-рэ зэрыхухахар, ар хуэди 9,6-кӏэ зэрынэхъыбэр 2021 гъэм яӏам нэхърэ.

Зэӏущӏэм и кӏэм депутатхэм яубзыхуащ КъБР-м и Парламентым бжьыхьэ лэжьэгъуэм гулъытэ зыхуищӏыну Ӏуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр.

- Бжьыхьэ лэжьэгъуэм мазиплӏ къудей къызэщӏиубыдэу аращ, ауэ мурад куэд диӏэщ. Дыщыгугъынщ коронавирус узыфэр зэран къытхуэмыхъуу, ди къалэнхэр хуиту дгъэзэщӏэну, - къыхигъэщащ Егоровэ Татьянэ.

Зэӏущӏэм щыжаӏащ бжьыхьэ зэхуэсыгъуэр шыщхьэуӏум и 29-м зэрытехуэр. КъБР-м и Парламентым и гъатхэ лэжьэгъуэр Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гимнхэмкӏэ зэхуащӏыжащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.

# Урысейм щынэхъыфӏхэм хабжэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къыщыхагъэщащ УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкӏэ и министерствэм и порталым «Щапхъэ нэхъыфӏ: узыншагъэр хъумэнымкӏэ Ӏэнатӏэм и объектхэр зыхуей хуэзэу зэгъэпэщыжын» и Ӏыхьэм. Поликлиникэ Ӏуэхущӏапӏэхэр къызэрагъэщӏэрэщӏэжам и щапхъэ нэхъыфӏу къагъэлъэгъуащ Налшык и къалэ поликлиникэ №2-м и къудамэр. А унэм хэтщ сыт и лъэныкъуэкӏи зыхуей хуагъэзэжа, Къалэ сабий поликлиникэ №1-м и къудамэри.**

ПОЛИКЛИНИКЭМ и унэм зэрагъэпллъ, псы зэрекӏуалӏэ системэхэр, бжэ-щхьэгъубжэхэр, унэ лъэгухэр щызэрахъуэкӏащ, мафӏэсым зыщыхъумэнымкӏэ Ӏэмэпсымэхэр щӏэуэ щагъэуващ. Язынықъуэ пэшхэм я блынхэр дакъутыкӏри, сымаджэхэм я Ӏуэхур нэхъ зэрыдэкӏыным хуащӏащ. Бжьыхьэ-гъатхэ лъэхъэнэм къежьэ уз зэрыцӏалэхэр зыпкърытхэр щхьэхуэ щӏын зэрыхуейр къалъытэри, сымаджэхэр зэтримыхьэу зэблэкӏыу ящӏащ. Поликлиникитӏри иджырей Ӏэмэпсымэхэмкӏэ, унэлъащӏэ тыншхэмкӏэ къызэрагъэпэщащ. Абы и пщӏантӏэри Налшык къалэ администрацэм и дэӏэпыкъуныгъэкӏэ зэӏузэпэщ ящӏащ. Медицинэ Ӏуэхущӏапӏэм къекӏуалӏэхэм къызэрыхагъэщымкӏэ, поликлиникэр нэрылъагъуу нэхъ екӏу хъуащ: и пэшхэр нэхущ, хуитщ, зэщӏэкъуащ. «Ди лэжьыгъэр иджы куэдкӏэ нэхъ тыншу йокӏуэкӏ», - жаӏэ абы щылажьэхэм.

Апхуэдэу зэгъэпэщыжыныгъэхэр щокӏуэкӏ а къудамитӏым я нэхъыщхьэ Ӏуэхущӏапӏэхэми: къалэ поликлиникэ №2-мрэ республикэ сабий клиникэ сымаджэщымрэ. Япэм лэжьыгъэхэр щызэфӏэкӏынущ фокӏадэ мазэм ирихьэлӏэу, сымаджэщым – илъэсым и кӏэухым.

Фигу къэдгъэкӏыжынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэтщ 2021 гъэм узыншагъэр хъумэнымкӏэ пэублэ Ӏэнатӏэр къэгъэщӏэрэщӏэжынымкӏэ программэр ехъулӏэныгъэкӏэ зыгъэзэщӏа хэгъэгуи 10-м икӏи УФ-м узыншагъэр хъумэнымкӏэ и министр Мурашкэ Михаил къыхигъэщауэ щытащ.

Урысей Федерацэм и Правительствэм, УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкӏэ и министерствэм я дэӏэпыкъуныгъэкӏэ ягъэзащӏэ программэм ипкъ иткӏэ ди республикэм щӏэуэ щаухуащ икӏи щызэрагъэпэщыжащ медицинэм и Ӏуэхущӏапӏэу 50. Мы зэманым республикэм узыншагъэр хъумэнымкӏэ и Ӏэнатӏэм проектышхуэ зыбжанэ щагъэзащӏэ. Абы хэтщ Налшык щаухуэ поликлиникэр, Лышх узыфэхэм щеӏэзэ диспансерыр, Эльбрус жылагъуэм и участкэ сымаджэщыщӏэр.

«Узыншагъэр хъумэнымкӏэ пэублэ ӀэнатӀэмкӏэ программэм и фӏыгъэкӏэ ди Ӏуэхущӏапӏэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр хъарзынэу едгъэфӏэкӏуащ. Район сымаджэщхэмрэ абыхэм я къудамэхэмрэ иджырей Ӏэмэпсымэхэмкӏэ, транспортхэмкӏэ къызэрызэрагъэпэщам, апхуэдэу узыншагъэр хъумэнымкӏэ Ӏэнатӏэм техникэр къагъэсэбэпу хъыбархэр зэрызэӏэпах системэр зэрыщызэтраублам ди цӏыхухэм хуащӏэ япэ медицинэ дэӏэпыкъуныгъэхэр иригъэфӏэкӏуащ», - къыхигъэщащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкӏэ и министр Къалэбатэ Рустам.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ**.

# Дыбэлэрыгъ хъунукъым



**КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ «КБР-Медиа» Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал кlэзонэ lуэхущlапlэмрэ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр я дэlэпыкъуэгъуу ирагъэкlуэкlащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ зэрыпэщlэт хъыбарегъащlэ lэмалхэм, щlалэгъуалэр мыхъумыщlагъэм димыхьэхынымкlэ СМИ-м я къалэнхэм щытепсэлъыхьа зэlущlэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым экстремизмэмрэ щlалэгъуалэ политикэмрэ пыщlа лэжьыгъэхэр щlыпlэхэм щызэгъэуlунымкlэ и министр **Къуэшырокъуэ Залым** хъыбарегъащlэ lэнатlэм пэрытхэм чэнджэщхэр яритащ зытепсэлъыхь lуэхугъуэхэм теухуауэ.

- Фэ фи щlэджыкlуэхэр фоцlыху, къывгуроlуэ ахэр нэхъ дихьэхыу зэджэри. Фи гупсысэрэ зэфlэкlрэ къэвгъэсэбэпын хуейщ фызытетхыхь lуэхугъуэм теухуауэ пэжымрэ захуэмрэ абыхэм я деж нэфхьэсын папщlэ. Псом хуэмыдэу ди нэlэ щlэдгъэтыпхъэщ иджыпсту Украинэм щекlуэкl lуэхугъуэхэр. Куэд щlакъым щlалэгъуалэ форумым хэту абы теухуа щlэупщlи зэредгъэкlуэкlрэ. Еджапlэ нэхъыщхьэ къаухауэ, ехъулlэныгъэхэр яlэу, зэфlэкlхэр къагъэлъагъуэу абы хэта щlалэгъуалэми къахэкlащ ди къэралым Украинэм щригъэкlуэкl lуэхугъуэхэр дэзымыlыгъи. Абы къокl ди зауэлlхэр абы щlыхэтыр, абыхэм дыкъызэрахъумэр, lуэхум и мыхьэнэр къызыгурымыlуэ зэрыщыlэр. Мы lуэхумкlэ сэбэп фыхъун хуейщ хъыбарегъащlэ lэнатlэхэм я лэжьакlуэхэр. Украинэм щекlуэкlхэр фи тхыгъэхэм щызэпкърыфх, абы теухуауэ интернет напэкlуэцlхэм къралъхьэ хъыбар нэпцlхэр lупщl зэрыфщlыным иужь фит. Фи лэжьыгъэм щывгъэлъэгъуэнур пэжырщ, дауи, а пэжыр щапхъэкlэ, дэфтэрхэмкlэ, бжыгъэхэмкlэ щlэгъэбыдэжауэ.

Дэ жэуап дохь ди цlыхухэм ятеухуауэ, псом хуэмыдэу щlалэгъуалэм я гупсысэкlэр мыутхъуэным дыхуэсакъын хуейщ. Псалъэм и къарур къэвгъэсэбэп. Цlыхухэр щlэпхъаджагъэм къыхуезыджэ, ди щlалэгъуалэр зыгъэжакъуэну иужь итхэм я бжыгъэм хохъуэ икlи абыхэм lэмал куэд къагъэсэбэп я lуэхур дагъэкlын папщlэ. Ди гупсысэр, lуэхур зэдгъэуlуу дапэщlэтын хуейщ абыхэм.

- Щэнхабзэмкlэ министерствэмрэ «КБР-Медиа»-мрэ я нэlэ щlэтщ хъыбарегъащlэ lэнатlэхэр: телевиденэр, радиор, республикэм къыщыдэкl газетхэмрэ журналхэмрэ, абыхэм интернетым щаlэ напэкlуэцlхэр. Иджыпсту мэлажьэ медиа-план жыхуэтlэхэр. Ахэр тещlыхьащ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ хъыбарегъащlэ lэнатlэхэм я lэмалхэмкlэ пэщlэтыным. Псалъэм папщlэ, СМИ-р экстремизмэмрэ терроризмэмрэ зэрыпэщlэтыпхъэ lэмалхэм теухуауэ Псыхуабэ къэрал университетым я щlэныгъэм щыхагъэхъуащ ди журналист 15-м.

Щlэпхъаджагъэм узэрыпэщlэтыным теухуа лэжьыгъэ нэхъыфlхэр къыщыхэтх зэпеуэ илъэс къэс идогъэкlуэкl. Мы гъэм апхуэдэхэм папщlэ къытlэрыхьэ мылъкум хэхъуащ. Щэнхабзэмкlэ, Лъэпкъ lуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкlэ, Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ, Щlалэгъуалэ lуэхухэмкlэ министерствэхэм япэу ирагъэкlуэкlынущ социальнэ мыхьэнэ зиlэ проектхэм я зэпеуэ. Пэжщ, куэд лэжьын хуейщ иджыри, нэхъ щlэгъэхуэбжьауи абыхэм яужь дитыпхъэщ, - жиlащ филологие щlэныгъэхэмкlэ кандидат, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм хъыбарегъащlэ lэнатlэхэм ядэлэжьэнымкlэ и къудамэм и lэщlагъэлl-эксперт нэхъыщхьэ **Маремыкъуэ Эллеонорэ**.

«КБР-Медиа» -м и унафэщlым и къуэдзэ **Холаев Тамерлан** и гугъу ищlащ «Объясняем. РФ», «Антифейк» сайтхэм, интернетым куэду къралъхьэ хъыбар нэпцlхэм ахэр зэрыпэщlэтым.

Зэlущlэм къыщыпсэлъащ юридическэ щlэныгъэхэмкlэ кандидат, КъБКъУ-м и юридическэ факультетым и доцент **Залиханов Лейлэ**.

- 2000 гъэм щегъэжьауэ ди университетым щызогъэдж «Лъэпкъ, дин экстремизм» курсыр. Егъэджэныгъэ методикэ щхьэхуэ зэхэзгъэуващ, зэманыр кlуэтэхуи курсым и мыхьэнэм зэхъуэкlыныгъэхэр игъуэтурэ, пщэрылъ зыщысщlыжхэм къахэхъуэурэ йокlуэкl. Студентхэм сакlэлъыплъырти, илъэс къэс захъуэжырт абыхэм. Езгъаджэхэр зы гъэм яфlэгъэщlэгъуэну зэдэlуа лекцэхэр къыкlэлъыкlуэ илъэсым къысхуэкlуэ студентхэм апхуэдэуи яфlэхьэлэмэтыжтэкъым, псалъэм папщlэ. Сэ зэпымыууэ яжесlэрт студентхэр конференцхэм, щlалэгъуалэ зэlущlэхэм хэтыну, я къэухьым зиужьын папщlэ. Нэхъапэхэм щlалэгъуалэр жыджэру абыхэм хыхьэмэ, иджы нэхъ къафlэмыlуэху хъууэрэ кlуэрт. Къызгурыlуэрт, щlалэгъуалэм я lуэху еплъыкlэр зэрамыубзыхуфыр. Апщlондэхункlэ сэри схъуэжырт егъэджэныгъэм къыщызгъэсэбэп lэмалхэр. Нэхъыбэу студентхэр згъэпсалъэрт, я гупсысэхэр зэпэслъытырт, уеблэмэ я щхьэ lуэхухэм зэрытезгъэпсэлъыхьын lэмалхэм сыхуекlуэрт. Жысlэну сызыхуейращи, зи гупсысэ зэрыубыдыным хунэмыса щlалэгъуалэр нэхъыбэу дэзыхьэхыр, я гупсысэр зытеухуар ялъагъурщ, зэманым къигъэувхэрщ, къэзыухъуреихьхэм я дуней тетыкlэрщ. Балигъхэм ди къалэныр сыт жыпlэмэ, ахэр фlымкlэ зэрыдунэтlынырщ. Дэ дыщхьэхмэ, дуней зэхэзэрыхьам игъэутхъуэнущ я гупсысэ зэпцlагъэщlэр. Ныбжьыщlэ дыдэу жьакlэшхуэ зыгъэкlхэмрэ lэлъэщl зытезылъхьэхэмрэ псоми диным и мыхьэнэр къагурыlуэу аракъым а я теплъэ хъуам къигъэлъагъуэр. Атlэ абыхэм аращ нэхъыбэу ялъагъури, ящыщ хъумэ, къалэнышхуэ ягъэзащlэу къащохъу. Фи фlэщ зэрыхъун, зырызурэ уеупщlмэ, диным къигъэувхэм, lэлъэщl щlателъым, тхыдэм, а зытехьауэ жыхуаlэ гупсысэм теухуауэ абыхэм жэуап къапхупымыхыну. Яlэкъым апхуэдэ щlэныгъэ. Сэ лекцэхэм сыщlыхьа нэужь, студентхэм я телефонхэр къаlызохри, лъэныкъуэ изогъэз. Телефонымрэ интернетымрэ зэран къахуохъу ди сабийхэм. Зэплъыпхъэмрэ кърадж ыкlыпхъэмрэ яхуэзэхэгъэкlыркъым. Уголовнэ кодексыр зэрыт тхылъ цlыкlур еджапlэм къыздахьын мэщхьэх, псалъэм къыдэкlуэу, ар я телефоным къыщызэlуахрэ еплъмэ нэхъ яфlэтыншщ. «Кодексыр си телефоным тетщ», гупсысэм къыlэщlэзгъэкlыну, тхылъыр lэкlэ яlыгъыну, еlусэну, зыхащlэну сыхуейщ. Иужьрей зэманым гу зылъыстаращ: студентхэм я процент 99-м я телефон напэм тетыр нэмэз щlыгъуэрщ. Къахокl закъуэтlакъуи, къыдалъхуа, адэанэ е псэущхьэ цlыкlухэм я сурэт тезыгъэувэ. А нэмэз щlыгъуэхэр зи телефоным тет студентхэр еджэнымкlэ адрейхэм къакlэрыхуркъым. Ехъулlэныгъэхэр къагъэлъагъуэ, жыджэрхэщ. Жыпlэ хъунукъым, зэман дэкlмэ, абыхэм щlэпхъаджэ гуэрхэр ялэжьыну. lуэхур зытеухуар мыращ: дэ, балигъхэр, ди щlэблэм дакъытеплъэкъукlмэ, дыбэлэрыгъмэ, абыхэм я lуэху тыншу зэрахуэнущ нэгъуэщl гъуэгу тезыгъэувэну зи гуращэхэм. И щхьэфэм телъыр къапхъуатэфыр, кlэщlу жыпlэмэ. Дапэщlэувэн хуейкъым ныбжьыщlэхэм. Ди щlалэгъуалэм яlэ хъуа теплъэм нэхъыщхьэу хэслъагъуэр: абыхэм я зыхуэпэкlэм къыбжаlэшхуэ щыlэкъым, я щlэныгъэм, дяпэкlэ ящlэнухэм теухуауэ. Зыхуэпэкlэ елъытауэ щlэблэр зэхэдгъэщхьэхукlи хъунукъым. Адэанэ куэдми я щхьэм ирожэ, я быным нэмэз ящlу къащlамэ. Ари захуагъэкъым. Фlымрэ емрэ зэхигъэкlыфу гъаси, адэкlэ езыр зытетыпхъэм теувэжынущ.

Зыри къыпэкlуэнукъым «экстремизмэмрэ терроризмэмрэ lейщ» жытlэу ину дыкlийкlэ. lуэхукlэ щlэдгъэбыдэн хуейщ ар зэрыдмыдэр, lумпэм зэрытщlыр. Егъэлеяуэ гугъущ мы зэманым цlыху бгъэсэну, и гупсысэр дахагъэм хуэбунэтlыну. Сыту жыпlэмэ, ар зыlэпызышэнкlэ хъуну lуэху фейцейхэри куэдыщэ хъуащ. Хъыбарегъащlэ lэнатlэхэм пэрытхэм жэуап гуэр фи пщэ дэфлъхьэжыфыну си гугъэщ. Псалъэм къыдэкlуэу жыслэнщи, псоми зэдапхъуатэ хъыбар гуэрхэм къытевмыгъэзэжу, фэ езым зэпкърыфх хъунущ ахэр. Нэхъ кууэ зыщывгъэгъуазэу, фи еплъыкlэ къэвгъэлъэгъуэжмэ, цlыхубэр нэхъ къыдэфхьэхыфынущ. Дащогугъ СМИ-м и лэжьакlуэхэм нобэ дызэрыт щытыкlэ гугъум я lуэху еплъыкlэ халъхьэну, - жиlащ абы.

- Ислъам диным хуэкlуа цlыхум ар гурэ псэкlэ зыхищlэу, щlэныгъэ абы хуиlэу щытын хуейщ. Ауэ иджыпсту куэд хъуащ езыхэм я фейдэ гуэрхэм папщlэ дин зэрахьэу зызыщlхэр. Апхуэдэхэр зэран зэрыхъум ди нэр яхуэдуфlыцl хъунукъым, - жиlащ Къуэшырокъуэ Залым.

Щlалэгъуалэм ядегъэкlуэкlыпхъэ ущииныгъэ лэжьыгъэхэм, интернетым къыщыкlуэ хъыбар мыхъумыщlэхэм къызэрыlэщlэгъэкlыпхъэхэм тепсэлъыхьащ, езым игъэунэхуа щапхъэхэри къигъэлъэгъуащ политикэ щlэныгъэхэмкlэ кандидат, КъБКъУ-м и социально-гуманитар институтым и унафэщlым и къуэдзэ **Поповэ Аксанэ**.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# «Жьыбгъэм и макъамэ»

**Иужьрей зэманым щlэх-щlэхыурэ дрихьэлlэ хъуащ шамбырым (бамбукым) къыхэщlыкlа унэлъащlэхэм. Ахэр дахэщ, псынщlэщ, зехьэгъуафlэщ, илъэс куэдкlэ къэбгъэсэбэпкlи фэ lей къатеуэркъым.**

ПСОМ нэхъ гъэщlэгъуэныр шамбырыр щхьэмыж зыщl къэкlыгъэ лlэужьыгъуэхэм зэрыхабжэрщ. Къищынэмыщlауэ, ар зы жэщ-махуэм хуэзэу сантиметри 120-м нэскlэ докlей.

Къапщтэмэ, Японием къыщыкl шамбыр лlэужьыгъуэр щызэщlэкlэм деж цlыхум и лъагагъым хуэдэу 15-кlэ нэхъ лъагэщ, упхыкlынуи гугъущ. Шамбырым я ауз нэхъ дахэ дыдэу къалъытэр Японием и Киотэ щlыпlэрщ. Илъэс 800-м нэсауэ цlыхухэр абы и Саганэ шамбыр мэзым макlуэ, еплъын къудей щхьэкlэ; шамбырым и лъадий кlыхьхэм къыхащlыкlа къэухьхэмкlэ пыгъэщхьэхукlа лъэс лъагъуэхэр дахащэщ. Удимыхьэхынкlэ lэмал имыlэу а къэухьхэм къабгъурытщ lуву зэхэт шамбыр къэкlагъащlэхэр. Цlыхухэр зыкlэлъыкlуэр нэм илъагъу телъыджэм и закъуэкъым: зэрыхъун хъуа къэкlыгъэхэм я лъэдий лъагэхэр щызэжьэхэуэкlэ зу макъ ящl, егугъупэу ятха макъамэм хуэдэу узыlэпишэу.

«Жьыбгъэм и макъамэ» - аращ абы фlащар икlи ар Японием и правительствэм хибжащ къэралым ихъумэ макъамэ нэхъыфlи 100-м.

Дыгъэгъазэм Саганэ иллюминацэм и фестиваль щрагъэкlуэкl. Абы ирихьэлlэу уэздыгъэ зэмыфэгъухэмкlэ къызэщlагъаблэ шамбыр мэзым и дахагъэр зымылъэгъуам зыри илъэгъуакъым.

Мы къэкlыгъэм и быдагъкlи утыку укъринэнукъым. Къапщтэмэ, къат куэду зэтет унэ лъагэхэр щаухуэкlэ Китаим пхъэ зэlулlахэм япlэкlэ къыщагъэсэбэпыр мыбы къыхэщlыкlа теувапlэхэрщ. Ухуакlуэхэм зэрыжаlэмкlэ, ахэр апхуэдизу псынщlагъуэщи, зы сыхьэтыпэм унэм и лъагагъкlэ кlэрагъэувэф, зэпыуду цlыху къыщехуэхи къэхъуркъым.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Мы махуэхэм

**Бадзэуэгъуэм и 2**, *щэбэт*

♦**Спорт журналистым и дунейпсо махуэщ**. 1924 гъэм къызэрагъэпэщащ спортым тетхыхь, тепсэлъыхь журналистхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр.

♦**Кооперативхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Днепр псым и дунейпсо махуэщ**

♦**Уфологым и дунейпсо махуэщ**

♦**1964 гъэм** «Къэббалъкъгаз» lуэхущlапlэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1913 гъэм** къалъхуащ шэрджэс усакlуэ **Гъуэщокъуэ Хъусин**.

**<u>Дунейм и щытыкlэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 17, жэщым градус 13 - 14 щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 3**, *тхьэмахуэ*

♦**Тенджыз, псы флотым и лэжьакlуэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**ГИБДД-м (ГАИ-м) и лэжьакlуэхэм я махуэщ**. Цlыхубэ комиссархэм я советым ищlа унафэм ипкъ иткlэ 1936 гъэм къызэрагъэпэщащ ГАИ-р.

♦**Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ**

♦**1957 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указкlэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Ленин орденыр етlуанэу къыхуагъэфэщащ.

**<u>Дунейм и щытыкlэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 13 - 15 щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 4**, *блыщхьэ*

♦**1766 гъэм** къалъхуащ убыххэм я дзэпщ цlэрыlуэу щыта, Кавказ зауэм и лlыхъужь **Бэрзэдж Дэгумыкъуэ Хьэжы-Исмэхьил**.

♦**1920 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и Лlыхъужь **Къардэн Къэбард**.

♦**1967 гъэм** къалъхуащ тележурналист **Жэман Мадинэ**.

♦**1975 гъэм** къалъхуащ дунейм бэнэкlэ хуитымкlэ и чемпион **Бажэ Заудин**.

**<u>Дунейм и щытыкlэнур</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 15 - 16 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКlЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ lущыгъэ:**

**Умыщlэм ущlэупщlэныр емыкlукъым.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Архив къулыкъущIапIэм и юбилей



# Тхыдэ дэфтэрхэм куэд къаIуатэ

*Къэбэрдей-Балъкъэр областной советым и гъэзэщIакIуэ комитетым и Президиумым 1922 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м унафэ ищIащ щIыпIэм архив IэнатIэ къыщызэгъэпэщыным теухуауэ. Ди къэралыр къапщтэмэ, УФ-м и Архивым и махуэр махуэгъэпсым къыхэгъэбелджылыкIыным теухуа унафэ 2003 гъэм къищтауэ щытащ УФ-м и Федеральнэ архив къулыкъущIапIэм. Нэхъ жыжьэу узэIэбэкIыжмэ, архив дэфтэрхэм къазэрыхэщымкIэ, 1720 гъэм Пётр Езанэм унафэ къыдигъэкIащ Урысейм и къулыкъущIапIэ, IуэхущIапIэ псоми щекIуэкI лэжьыгъэхэр, къэралым къыщыхъу Iуэхугъуэхэр зэрыт тхылъхэр зэхуэзыхьэсыну IэщIагъэлI (архивариус) яIэн хуейуэ.*

АРХИВЫРАЩ ди къэрал тхыдэр «щыпсэу» щIыпIэр. Ди республикэм къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэси 100 зэрырикъур Iэтауэ щагъэлъэпIэну махуэр жыжьэжкъым. А лъэхъэнэр ди щIыналъэм и дежкIэ дапхуэдэу щытами, а гъуэгуанэ кIыхьыр къыщакIум сыт хуэдэ лъэпощхьэпохэмрэ гугъуехьхэмрэ ди цIыхухэм къызэранэкIами, ехъулIэныгъэхэмрэ гуфIэгъуэшхуэхэмрэ я псэм дауэ зыхищIами къыбжезыIэфыну, жэуап пэж къозытыфыну, блэкIам худиIапхъэ гупсысэр зыунэтIыфыну щыIэ Iэмалхэм ящыщщ ди лъэпкъ архивхэм щахъумэ дэфтэрхэр.

Совет Союзым, Урысей Федерацэм, абы хыхьэ щIыналъэхэм я тхыдэ-щэнхабзэ щIэиныр щIэблэм я деж нэхьэсыныр архив къулыкъущIапIэм и IэщIагъэлIхэм я къалэн нэхъыщхьэщ. Апхуэдэ лэжьыгъэм и мыхьэнэр къыпхуэмылъытэным хуэдизу инщ, купщIафIэщ. Архивым и фондхэм елIалIэу щахъумэ уасэ зимыIэ дэфтэрхэр. Абыхэм хуэныкъуэхэм а тхылъхэр дапщэщи ягъуэт, проектхэр щызэхалъхьэкIэ, тхылъ щатхкIэ, конференцхэм, семинархэм зыщыхуагъэхьэзыркIэ, щIэныгъэ лэжьыгъэ щагъэзащIэкIэ. Архивым и лэжьакIуэхэм я щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ я фIыщIэкIэ зэи зыми къехъулIэнукъым къэралымрэ абы и щIыналъэхэмрэ я тхыдэхэр къратхыкIыжыныр.

Къэралым, республикэм я тхыдэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ архив къулыкъум зыщиужьащ ди щIыналъэми. Зи къэралыгъуэр мы гъэм илъэси 100 ирикъу Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэ статусым иту зэрызэфIэувэрэ зы илъэси иримыкъуу наIуэ къэхъуащ щIыналъэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэ нэхъыщхьэхэр лъэпкъ тхыдэм къыхэнэн, ахэр къэкIуэну щIэблэхэм дэфтэр щхьэхуэхэу яхуэхъумэн зэрыхуейр. Абы и хэкIыпIэр зыт – а дэфтэрхэм я хъумапIэ щыIэнырт. А мурадыр и гъуазэу КъБАО-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым ди щIыналъэм архив IэнатIэ къыщызэгъэпэщыным теухуауэ 1922 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м унафэ зэрищIари. Абы и къалэн нэхъыщхьэр иджыри къэс зэхуэхьэса хъуа дэфтэрхэри хъумэнырт, а фондым адэкIи къыхэгъэхъуэнырт, цIыхухэр хуей хъумэ, абыхэм щыгъуазэ зыхуащIыну Iэмал етынырт.

Облисполкомым и нэIэм щIэтми, щIыналъэ архив бюрор зэпхауэ лажьэр къэралым и Архив нэхъыщхьэмрэ абы и Кавказ Ищхъэрэ краевой къудамэмрэт. А IэнатIэхэм я IэщIагъэлIхэр хуабжьу сэбэп хъурт ди щIыпIэм архив къулыкъущIапIэр щызэтеувэнымкIэ. Партым и унафэм ипкъ иткIэ, гулъытэ хэха хуащIырт абы щIэлъ тхыдэ дэфтэрхэр зыхуей хуэзэу, зэхэхауэ хъумэным. Япэ илъэсхэм архив бюром Хуитыныгъэм и паркым деж щыт музейм щыщ зы пэш хухахауэ щытащ, иужькIэ абы зиужьащ иубыд щIыпIэм и инагъкIи, щахъумэ дэфтэрхэм я бжыгъэкIи. Областым и архивым къызэщIиубыдэн хуейт революцэм и пэ къихуэ илъэсхэм ятеухуа тхыгъэхэр. А зэманым ехьэлIауэ щыIэ дэфтэрхэр зэхуахьэсыжу елэжьыжа нэужь, хъумапIэм и фондым щIэлъ тхылъ зэмылIэужьыгъуэхэм я бжыгъэр мин 15-м нэсырт. Ахэр ятеухуат Къэбэрдей судым, Къэбэрдей шууей полкым, Кавказ линием и управленэ нэхъыщхьэм я лэжьэкIэ-щыIэкIэм.

Дауи, гугъуехь куэд зыпылъ къалэнт архив лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу зэтеублэныр. ХъумапIэхэр псыIэт, ахэр жьырэ нэхукIэ тэмэму ирикъуртэкъыми, дэфтэрхэм ящыщ куэд хьэлэч хъурт, гъуатэрти. Куэдрэ къэхъурт архивым и лэжьакIуэхэм гъэмахуэм дэфтэрхэр щIыбым къыщIахыурэ дыгъэ щрагъэу, щагъэгъущ. Абыхэм ящыщу мыхьэнэшхуэ зиIэхэр шкаф щхьэхуэхэм щахъумэрт, адрейхэр телъхьэпIэхэм трагъэзагъэрт, зэхэхауэ.

РСФСР-м и архив лэжьакIуэхэм я езанэ съездыр 1925 гъэм екIуэкIауэ щытащ. Абы зэрыщыжаIамкIэ, КъБАО-м и архив IэнатIэр иджыри зэтеувэ къудейуэ арат. Пэжу, а илъэсымрэ къыкIэлъыкIуэ гъэмрэ къриубыдэу областым къыщызэIуахауэ щытащ щIыпIэ архив къудамэу 9. Апхуэдэхэт, псалъэм папщIэ, Балъкъэр, Бахъсэн, Къэзакъ, Налшык, Аруан къудамэхэр, нэгъуэщIхэри. 1927 - 1932 гъэхэм къриубыдэу щIыналъэ архивым зыужьыныгъэфI игъуэтащ. ЩIыпIэ хъумапIэхэм кърахри, окружной фондым халъхьащ 1917 - 1921 гъэхэр къызэщIэзыубыдэ дэфтэрхэр. Ахэр ятеухуат революцэ комитетхэр къуажэхэм зэрыщылэжьам, милицэ IэнатIэхэм щрагъэкIуэкIа Iуэхухэм, нэгъуэщIхэми. Иджы щIыналъэ архивым щахъумэрт къэрал мыхьэнэ зиIа Iуэху 36129-м ехьэлIа дэфтэрхэр.

Ди щIыналъэм щызэфIах архив лэжьыгъэшхуэр къыщалъытауэ щытащ 1929 гъэм екIуэкIа я съездым. Мыгувэу къащтауэ щытащ «Краевой (областной) архив къудамэхэм ятеухуауэ» унафэр. Абы ипкъ иткIэ лэжьыгъэр нэхъ тэмэму, къызыхуэтыншэу зэтегъэува хъуащ: хъумапIэхэм щIэлъ дэфтэрхэр щIэрыщIэу щIапщытыкIыжащ, архив лэжьакIуэхэм я бжыгъэми хагъэхъуащ. Парт, совет къулыкъущIапIэхэм щызекIуэ дэфтэрхэр хъумэным гулъытэшхуэ зэрыхуащIым къыхэкIыу, ахэр архивхэм щызэхуэхьэсыныр нэхъ тынш хъуащ.

Жэпуэгъуэ революцэ иным и юбилейхэм, щIыналъэм и махуэшхуэхэм ирихьэлIэу архивым и лэжьакIуэхэм ягъэхьэзырырт гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэтхэр. Махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу зызыужь цIыхубэ хозяйствэм и блэкIар къызыхэщыж дэфтэрхэр, сурэтхэр куэдым гъэщIэгъуэн ящыхъурт.

1941 гъэм нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр ди къэралым къытеуа нэужь, СССР-м и къэрал архив фондыр бийм щахъумэн папщIэ, ар Таджик ССР-м ягъэIэпхъуэну унафэ ящIауэ щытащ. Архивхэм щызэхуэхьэса дэфтэр псори ирашыну Iэмал зэрыщымыIэм къыхэкIкIэ, япэ ирагъэщын хуейт къэралым и экономикэ щытыкIэмрэ дзэ лъэщагъымрэ къэзыгъэлъагъуэхэр, апхуэдэу Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ бийм гъуэгугъэлъагъуэ хуэхъуфыну тхылъхэр. Адрей дэфтэрхэм ящыщу щIэныгъэ е практикэ и лъэныкъуэкIэ лъапIэныгъэшхуэ зыбгъэдэмылъхэр ягъэсыпхъэт. Совет Правительствэм и апхуэдэ унафэр игъэзащIэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и архив лэжьакIуэхэм хамэ щIыпIэм ягъэIэпхъуэн хуейуэ ягъэхьэзырат дэфтэр мин 14-м нэс. Ди жагъуэ зэрыхъущи, а псори ирашыну хунэмысу, бийр ди щIыналъэм къихьащ икIи хъумапIэм къыщIэна библиотекэ фондри нэгъуэщI дэфтэр куэди Iисраф ищIащ. Апхуэдэу куей архивхэри зэтрагъэсхьауэ щытащ нэмыцэхэм. Къэнар Прималкинскэ хъумапIэм щIэлъа дэфтэрхэм я закъуэт – бийр къэмыс щIыкIэ абы и лэжьакIуэхэр хунэсат дэфтэр псори щIым щIатIэну.

Ди республикэр хуит къащIыжа нэужь, архивым и лэжьакIуэхэр яужь ихьэжащ я Iуэхур зэрызэтраублэжыным. Абыхэм зыIэрагъэхьэжащ хамэ щIыпIэ яшауэ щыта дэфтэрхэр, къэнахэри зэхуахьэсыжащ.

1959 гъэм Налшык щаухуащ Кавказ Ищхъэрэм щыяпэ архив унэшхуэр. Абы хэтт лабораторэ щхьэхуэхэр, дэфтэрхэм узэрелэжь хъуну оборудованэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэм я фIыгъэкIэ, архив лэжьакIуэхэм я Iуэхур нэхъыфIу къызэгъэпэща, нэхъ дэкI хъуащ. Абыхэм ирагъэкIуэкI конференцхэр, семинархэр хуабжьу сэбэп хъурт я лэжьыгъэр ефIэкIуэнымкIи. Къэбэрдей-Балъкъэрым и архив IэщIагъэлIхэр нэгъуэщI щIыналъэ архивхэми СССР-м и Къэрал архив фондми пыщIауэ зэрыщытым къыхэкIыу, 1960 - 1980 гъэхэм ди республикэм и хъумапIэм щIэлъхэм къахэхъуащ ди щIыпIэм теухуауэ абыхэм щахъумэ дэфтэрхэм я копиехэр. Апхуэдэ зэдэлэжьэкIэм щIыналъэ архивхэр нэхъ къулей ищIащ.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм ди къэралым щекIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм архивым и лэжьыгъэм щIэ куэд къыхалъхьащ. Абы щIэлъ дэфтэрхэу нэхъапэм «къэрал щэху» мыхъурыр зытегъэуауэ щытахэм ящыщ куэд цIыхухэм яхузэIуха хъуащ, дэфтэрхэр хъумапIэм Iэрыхьэн икIи щыхъумэн и лъэныкъуэкIи щыIа Iэмалхэми къахэхъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и архив къулыкъущIапIэр иджырей зэманым щытщ щIыпIэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ IэнатIэу. Архивым Iуэхушхуэхэр зэфIех щIыналъэм и дэфтэрхэу къэрал мыхьэнэ зиIэхэр хъумэным, абы ехьэлIа хабзэ-хуитыныгъэ тхылъхэр гъэхьэзырыным, архивым и щIэныгъэ-справочнэ IэнатIэр къызэIухыным икIи абы и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным, хъумапIэм щIэлъ дэфтэрхэр щызэхуэхьэса тхылъхэр къыдэгъэкIыным, гъэлъэгъуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэгъэпэщыным, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэми ехьэлIауэ.

КъБР-м и Архив къулыкъущIапIэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа хэкупсэхэр ди мащIэкъым. Апхуэдэхэщ, къабгъэлъагъуэмэ, дзыхь къыхуащIа IэнатIэр хэпщIыкIыу езыгъэфIэкIуа, унафэщI щыпкъэу зыкъэзыгъэлъэгъуахэу Шабаев Давид, Къарэ Арсен, Бетыгъуэн Сэфарбий, Щхьэгъэпсо Сэфарбий, Семэн Пщыкъан сымэ. Ди республикэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а IэнатIэм 2015 гъэ лъандэрэ и унафэщIщ лэжьыгъэхэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэ, философие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Щоджэн Щыхьым.

- КъБР-м и Архив хъумапIэм щIэлъ дэфтэрхэр ди щIыналъэм, дыщыпсэу къэралым къакIуа гъуэгуанэр къэзыгъэлъэгъуэж, абыхэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэмрэ щэнхабзэ зыужьыныгъэмрэ IупщIу къызыхэщыж хъугъуэфIыгъуэщ, - жеIэ Щоджэным. – Мы зэманым къэрал хъумапIэм щIэлъщ фонд 2744-рэ. Абыхэм къызэщIаубыдэ дэфтэр зэмылIэужьыгъуэ мин 605-м щIигъу. А дэфтэрхэр архивым щытхъумэ къудейуэ аракъым, атIэ ахэр жыджэру къагъэсэбэп щIэныгъэ-къэхутэныгъэ, социальнэ-щэнхабзэ унэтIыныгъэхэм. Я щхьэ IуэхукIи зыкъытхуэзыгъазэхэр мащIэкъым. Зы илъэси къэмынэу архив лэжьакIуэхэр ядоIэпыкъу къытхуэкIуэ цIыху щхьэхуэрэ зыкъытхуэзыгъазэ IуэхущIапIэу миниплIым щIигъум. Ди хъумапIэр бжыгъэр зи лъабжьэ иджырей техникэ пэрытхэмкIэ къызэгъэпэщащи, дэфтэрхэр электрон жыпхъэм игъэзэгъэным долэжь. Газетым и Iэмалыр къэзгъэсэбэпу, си гуапэу сохъуэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и архив лэжьакIуэхэм. Лъэпкъ тхыдэр хъумэным хувиIэ жэуаплыныгъэр мыкIуэщIу, узыншагъэ быдэ фиIэу фи къулыкъур ефхьэкIыну си гуапэщ.

Иджырей тхыдэм и дэфтэрхэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьащ Ащхъуэт Раисэ Мухьэмэд и пхъур. Ар ди республикэм и тхыдэм фIыуэ щыгъуазэ, щIыналъэм и къэхъукъащIэхэм яIа мыхьэнэр зыхэзыщIэ, ахэр блэкIамрэ нобэмрэ зэпызыщIэу, къэкIуэнум дыхуэзыунэтI Iуэхугъуэу зэрыщытыр къызыгурыIуэ лэжьакIуэ гумызагъэт. А цIыху щыпкъэм и фIыгъэкIэ ди республикэм щызэхуэхьэса хъуащ дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ ди лъахэгъухэм ятеухуа «дыщэ» фондхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, дирижёр Темыркъан Юрэ, тхакIуэ, режиссёр Къандур Мухьэдин, скульптор, сурэтыщI Шемякин-Къардэн Михаил, сурэтыщI КIыщ Мухьэдин сымэ я гъащIэмрэ творчествэмрэ ехьэлIа дэфтэрхэр, нэгъуэщIхэри.

Архивым щекIуэкI апхуэдиз лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу дэгъэкIыным я гуащIэшхуэ сыт хуэдэ зэмани ирахьэлIащ КъБР-м и архив къулыкъущIапIэм и унафэщIхэм, абы щылажьэ IэщIагъэлIхэм. Ди щIыналъэм, абы и цIыхухэм къулыкъу пэж яхуэщIэн – аращ а IэнатIэм и къалэн нэхъыщхьэр. Абы къулыкъу щызыщIэхэм зэфIах лэжьыгъэр - республикэм и тхыдэр хъумэныр - лъэпкъым, къэкIуэну щIэблэхэм къахуэщхьэпэн, мыхьэнэшхуэ зиIэ къэрал Iуэхуу зэрыщытыр хьэкъщ.

КъБР-м и архив къулыкъущIапIэм и лэжьакIуэ псоми дэри дохъуэхъу я IэщIагъэм епха махуэшхуэмкIэ. Я зэфIэкIым, зыпэрыт Iуэхум хуаIэ жэуаплыныгъэм хэхъуэ зэпыту, ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэрагъэхьэу, узыншагъэ быдэ яIэу, мамырыгъэрэ зэIузэпэщыгъэрэ щымыщIэу куэдрэ Тхьэм игъэпсэу, игъэлажьэ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ**.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр илъэс 90 ирокъу

# Вагъуэ нурым и лъэужь нэху

1932 гъэм къызэIуаха Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутыр и лъабжьэу илъэс 65-рэ ипэкIэ, 1957 гъэм, ди республикэм университет иIэ зэрыхъуар Кавказ Ищхъэрэм къызэщIиубыдэ лъэпкъ щIыналъэ автономиехэми мыхьэнэшхуэ щызиIэ къэхъукъащIэт. ЩIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ адэкIи зегъэужьын зэрыхуейр ди къэралым а зэманым щекIуэкIа щIэныгъэ-техникэ революцэм къигъэува къалэнхэм ящыщт. ЛъагапIэщIэхэр къэзыщтэ экономикэр зэрызэхэт унэтIыныгъэ псомкIи хуэныкъуэ хъуат лъэпкъ IэщIагъэлI куэд. ЩIыналъэхэм я еджапIэ нэхъыщхьэхэм хуэдэу, ахэр нэгъуэщI щIыпIэхэм зэпэщу щагъэхьэзырыфынутэкъым. Ар фIы дыдэу къызыгурыIуэ, гъащIэм и бэуэкIэр псэкIэ зыхэзыщIэ политик Iэзэт КъБКъУ-м и япэ ректору щыта Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэр (1916 - 1965).

Бэрбэчыр Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Совет районым хыхьэ Аушыджэр къуажэм къыщалъхуащ. Жылэм и илъэсибл школыр 1931 гъэм къиуха нэужь, абы еджэным щыпищащ Новочеркасск къалэм дэт школым. Налшык дэт педагогикэ техникумым егъэджакIуэ IэщIагъэр щызригъэгъуэтри, 1936 - 1940 гъэхэм и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Крупская Надеждэ и цIэр зэрихьэу Ленинград дэта институтым.

1942 гъэм Бэрбэчым къиухащ КПСС-м и ЦК-м и Парт школ нэхъыщхьэр икIи Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м лэжьакIуэ къагъэкIуэжащ. А илъэсым и бадзэуэгъуэ - фокIадэ мазэхэм ар тхыдэмкIэ егъэджакIуэу щыIащ КПСС-м и обкомым къепхауэ лажьэ парт школым.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм пIалъэкIэ щаубыда лъэхъэнэм ар Куржым и къалащхьэ Тбилиси, иужькIэ Ткварчели къалэм щыпсэуащ. 1942 гъэм и жэпуэгъуэм къыщыщIэдзауэ 1943 гъэм и мазае пщIондэ партым и Ткварчели къалэ комитетым лектору щыIащ. Ди щIыналъэр бийм къыIэщIахыжу хуит хъужа нэужь, абы къигъэзэжащ икIи КПСС-м и Налшык къалэ советым и секретару, иужькIэ партым и Прималкинскэ къалэ комитетым и секретару, КПСС-м и обкомым и лектору лэжьащ.

1945 гъэм и мазаем къыщыщIэдзауэ 1948 гъэм и гъатхэпэ пщIондэ Бэрбэч ХьэтIутIэ лэжьащ Республикэ радиокомитетым и унафэщIу. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм ар пэрытащ жэуаплыныгъэ зыпылъ нэгъуэщI къулыкъухэми. Бэрбэчыр щытащ КПСС-м и обкомым и оргинструктор къудамэм, административнэ IэнатIэм я пашэу. 1950 - 1957 гъэхэм ХьэтIутIэ лэжьащ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару.

1952 гъэм къыщыщIэдзауэ Бэрбэч ХьэтIутIэ хэтащ Мамырыгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр комитетым. 1954 гъэм Жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ академием, КПСС-м и ЦК-м и нэIэм щIэту лажьэм, и илъэс курсхэм щеджащ икIи «Къэбэрдей социалист лъэпкъыр къызэрыунэхуамрэ абы игъуэт зыужьыныгъэмрэ» къэхутэныгъэ диссертацэр игъэхьэзыращ, ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ икIи тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат цIэр къыфIащащ.

1956 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм КъБАССР-м и Министрхэм я Советым СССР-м и унафэщIхэм я деж игъэхьауэ щытащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур республикэм щыгъэлъэпIэн зэрыхуейм теухуа тхылъ, абы ирихьэлIэу гъэзэщIапхъэу къалъытэхэр иту. А тхылъым щхьэхуэу къыщыгъэлъэгъуат пединститутыр къэрал университет щIыжын зэрыхуейм теухуа жэрдэмри. Нэрылъагъут экономикэмрэ жылагъуэмрэ апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэ зэрыхуэныкъуэр. Университет ди щIыналъэм къыщызэIухыпхъэу къэзылъытэ ХьэтIутIэ лIыгъэ къыкъуэкIащ и гупсысэм лъабжьэшхуэ зэриIэр куэдым къагуригъэIуэну, и мурадхэр зригъэхъулIэну. Бэрбэчым и Iуэху еплъыкIэр къыдаIыгъыу, лъэпкъ интеллигенцэм щыщ щIэныгъэлIхэр, IэщIагъэлIхэр мызэмытIэу тхащ щIыналъэ, къэрал унафэщIхэм я деж, Бэрбэчым къыхилъхьа жэрдэмыр зэрыIэмалыншэ Iуэхур къыхагъэщу.

1957 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м СССР-м и Министрхэм я Советым унафэ къищтащ Къэбэрдей



пединститутыр и лъабжьэу, ди республикэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет къызэрыщызэIуахым теухуауэ. РСФСР-м и Министрхэм я Советми а зэман дыдэм унафэ ищIащ Налшык мэкъумэш техникумым и унэр, общежитыр, еджапIэм и мылъку-техникэ базэр псори КъБКъУ-м етын хуейуэ. Куэд дэмыкIыу нэгъуэщI зы укази къаIэрыхьащ республикэм и унафэщIхэм: «Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректору гъэувын тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэр», - жиIэу иту.

И къулыкъум щыпэрыува япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ ХьэтIутIэ лъэкIыныгъэу, зэфIэкIыу бгъэдэлъ псори ирихьэлIащ еджапIэ нэхъыщхьэм и щIэныгъэ, техникэ лъабжьэр егъэфIэкIуэным, ар нэхъри гъэбыдэным. Абы фIыуэ къыгурыIуэрт щIэныгъэм и зыужьыныгъэм щIыналъэм къыхуихьыну ехъулIэныгъэ лъагэхэр, икIи еджапIэм занщIэу лэжьапIэ къригъэблэгъащ къэралым и математик, физик, химик, филолог цIэрыIуэхэр. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Бэрбэчым игъэтIылъащ университетым и егъэджэныгъэ-щIэныгъэ лъабжьэ быдэр. Нобэ еджапIэм зыIеригъэхьэ ехъулIэныгъэхэми я лъабжьэ, къежьапIэ пэж хъуащ Бэрбэчым абы щыгъуэ иубзыхуа Iуэху зехьэкIэр.

Къызэригъэпэща университетым Бэрбэч ХьэтIутIэ нэхъыбэм зэреджэр «гъащIэм и нэхугъэ», «зыужьыныгъэм и джэлэс» псалъэхэмкIэт. ИпэжыпIэкIэ а еджапIэ нэхъыщхьэр хъуащ щIэныгъэм и нэхум ди цIыхубэр хуэзыша нэхугъэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэрызэIуахым щымыгуфыкI зы цIыхуи ису къыщIэкIынтэкъым ди щIыналъэм. КъБКъУ-р къызэрызэIуахым теухуа гуфIэгъуэ зэIущIэ ин республикэм щекIуэкIащ 1957 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м. Ди республикэм и щIэныгъэ-творческэ интеллигенцэм, ди цIыху псоми гуфIэгъуэшхуэр даIыгъыну щIыналъэм къеблэгъат Москва, Ленинград, Кавказ Ищхъэрэм и адрей щIыналъэхэм я лIыкIуэхэр, къэрал унафэщIхэр. Махуэшхуэ зэхуэсым и утыкум доклад щищIат абы и ректор Бэрбэч ХьэтIутIэ МутIэ и къуэм.

Университетым и зэфIэувэныгъэм Бэрбэч ХьэтIутIэ хуищIа хэлъхьэныгъэр абрагъуэщ. Ар зыцIыхуу щытахэм я гукъэкIыжхэм къызэрыхэщыжымкIэ, ХьэтIутIэ цIыху телъыджэт, и гупсысэкIэрэ Iуэху еплъыкIэрэ иIэжу, къыпэщылъ къалэнхэмрэ мурадхэмрэ ищIэу. Абы гъащIэм, зыпэрыта къэрал, жылагъуэ IэнатIэхэм дапщэщи япэ щригъэщар цIыхубэм сэбэп яхуэхъун зэрыхуейрт. А унафэщI щыпкъэм и фIыгъэщ КъБКъУ-м зэман кIэщIым къриубыдэу хэпщIыкIыу зэрызиужьар, математикэ, физикэ, химие, филологие щIэныгъэхэмкIэ ехъулIэныгъэфIхэр зэрызыIэригъэхьар, IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым щыхурагъаджэ зэрыхъуар.

Езы Бэрбэчми и щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ хигъахъуэ зэпытт. 1962 гъэм ирихьэлIэу игъэхьэзыращ икIи ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэр социализмэм зэрыхуэкIуар» доктор диссертацэр.

НэгъуэщI щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэ куэди и къалэмыпэм къыпыкIащ Бэрбэчым. Абыхэм ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и совет тхыдэм теухуа очеркхэр», «Къэбэрдей лъэпкъым совет лъэхъэнэм игъуэта зыужьыныгъэмрэ щIэныгъэмрэ», «Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ я совет автономиер», нэгъуэщIхэри.

Бэрбэч ХьэтIутIэ хэтащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием Социалистическэ, коммунистическэ ухуэныгъэмкIэ и ЩIэныгъэ советым, Кавказ Ищхъэрэм Гуманитар унэтIыныгъэхэмкIэ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щызэгъэуIунымкIэ и щIэныгъэ советым. ХьэтIутIэ мызэ-мытIэу хэтащ икIи доклад купщIафIэхэр щищIащ щIыналъэпсо, къэралпсо щIэныгъэ конференцхэм, симпозиумхэм, нэгъуэщI зэхуэсхэм. КъуэкIыпIэр зыджхэм я дунейпсо конгрессу 1965 гъэм Москва щекIуэкIам и делегату щытащ.

Къэралым, республикэм я жылагъуэ, политикэ гъащIэм жыджэру зэрыхэтам, Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм фронтым и щIыбагъкIэ зэфIиха Iуэхугъуэхэм папщIэ Бэрбэчым къыхуагъэфэщащ дамыгъэ зыбжанэ. Апхуэдэу абы мызэ-мытIэу кратащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къыбгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и япэ ректорым и гъащIэ купщIафIэм, лъэпкъ щIэныгъэмрэ щIыналъэ зыужьыныгъэмрэ абы хуищIа хэлъхьэныгъэ инхэм хуэфащэ жьантIэ увыпIэр щаубыд ди республикэм и тхыдэм. Бэрбэч ХьэтIутIэ игъуэтащ лъэпкъым къыбгъэдэкI фIыщIэ инрэ пщIэ лъагэрэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэ нэхъыщхьэм зыщегъэужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэр къалъытэри, КъБР-м и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ и унафэкIэ университетым фIащыжащ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр. 2016 гъэм, Бэрбэчыр къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу, КъБКъУ-м и щIыхьэпIэ нэхъыщхьэм и сэмэгурабгъу лъэныкъуэмкIэ щыт скверым къыщызэIуахауэ щытащ япэ ректорым и фэеплъыр. ХьэтIутIэ и цIэр фIащащ ар къыщалъхуа Аушыджэр къуажэм и уэрам нэхъыщхьэхэм ящыщ зым.

Лъэпкъ тхыдэм и напэкIуэцIхэм дыщэпскIэ иратхахэм ящыщщ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр. Хэкупсэм и лъэужь нэхур куэдрэ хэгъуэщэжынукъым.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

# Шынагъуэншэу загъэпсэху

**Налшык къалэ и курорт щIыпIэм щыIэщ сабий санаторэ, турист базэ куэд. Абыхэм илъэс къэс къокIуэ Урысейм и щIыналъэ псоми къикI сабий минхэр. ЦIыкIухэм шынагъуэншэу загъэпсэхуныр къызэгъэпэщыныр абы ехьэлIа министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я къалэн нэхъыщхьэхэм язщ.**

«КАВКАЗ» сабий санаторэм щрагъэкIуэкIащ «Зыгъэпсэхугъуэ зэманыр шынагъуэншэу» акцэ. Iуэхур къызэрагъэпэщащ щIыналъэ МЧС-м и лэжьакIуэхэм, Къэрал автоинспекцэм и лIыкIуэхэмрэ республикэм и мафIэсгъэункIыфI-къегъэлакIуэ IэнатIэмрэ я лэжьакIуэхэмрэ.

ЗыгъэпсэхупIэм иубыд и щIыпIэр зыщагъасэ утыкуитхуу ягуэшат. Япэм деж къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ ведомствэм и лэжьакIуэхэр сабийхэм епсэлъылIащ узыншэу псэуным, щIыуэпсым шынагъуэншэу зыщагъэпсэхуным ехьэлIа хабзэхэм теухуауэ. Апхуэдэуи ныбжьыщIэхэм жраIащ мафIэсыр къэзышэ щхьэусыгъуэхэр, мафIэм уриджэгуныр зэрышынагъуэр, гузэвэгъуэ къэхъуамэ МЧС-р телефонкIэ къызэреджапхъэр. Сабийхэм ягу къагъэкIыжащ къызэрымыкIуэ щытыкIэ къэхъумэ япэу ящIэн хуейр, щагъэгъуэзащ мафIэр зэрагъэункIыфI IэмэпсымэхэмрэахэркъызэрагъэсэбэпщIыкIэхэмрэ.

ЕтIуанэ утыкум псыхэм цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщынымкIэ къудамэм и инспекторхэр щытепсэлъыхьащ зыщагъэпскIыкIэ зытетыпхъэ хабзэхэм икIи буклетхэр хуагуэшащ.

Къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм сабийхэм гурагъэIуащ гъуэгу, светофор дамыгъэхэм я мыхьэнэр, ягу къагъэкIыжащ автомашинэ щызежэ гъуэгум лъэсу, лъакъуэрыгъажэм утесу, рулым удэсу зэрыщызекIуапхъэ мардэхэр, гулъытэншэу къагъэнакъым транспортым и кIуэцIым зэрызыщыIыгъыпхъэри. Псалъэмакъым пащэу ирагъэлъэгъуащ ДПС автомашинэр. Сабийхэм абы и Iэмэпсымэхэм щыгъуазэ защIащ, макъыринузыгъэIуркъагъэсэбэпри, зызыгъэпсэхухэр къыхураджащ хабзэм тетыну, гъуэгум щысакъыну.




ЕплIанэ утыкум щызэхуэса сабийхэм жраIащ фэбжь зыгъуэтам япэу етыпхъэ дэIэпыкъуныгъэр. Фэбжьхэр зыхуэдэнкIэ хъунум, лей зытехьам зэреплъыпхъэм щыгъуазэ ящIащ. Тренажерым щагъэлъэгъуащ гумрэ тхьэмбылымрэ реанимацэ зэрыщIыпхъэр, лъыр къызэрыгъэувыIэн хуейр, къупщхьэ къутам шинэ телъхьэнымрэ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэу цIыхур къегъэлынымкIэ Iэмалхэмрэ.

Хабзэ зэрыхъуауэ, псори нэхъ дэзыхьэхащ мафIэс-къегъэлакIуэ техникэр щагъэлъагъуэ утыкур. МафIэс-къегъэлакIуэ часть №1-м и унафэщI Ширин Станислав сабийхэр щыгъуазэ ищIащ автомобилым и тактико-техникэ щытыкIэм, тепсэлъыхьащ зэфIагъэкI Iуэхухэм. Сабийхэм яфIэгъэщIэгъуэну зэпаплъыхьащ техникэр. Абыхэм упщIэхэр я куэдт икIи дэтхэнэми хуэфащэ жэуап яIэрыхьащ. Апхуэдэуи ныбжьыщIэ цIыкIухэм Iэмал иратащ мафIэсгъэункIыфIхэм я фащэр зрагъэпщэну, абыхэм я автомашинэм и рулым дэтIысхьэну, уеблэмэ къэхъуа хуэдэ мафIэсыр ягъэункIыфIыну.

Сабийхэм дэрэжэгъуэшхуэ ягъуэтащ, нэхъыщхьэращи, щхьэпэ хъун куэдым щыгъуазэ ящIащ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**




# ДжэдыкIэжьапхъэ, бжьын щIэлъу



Бжьыныщхьэ укъэбзар мыцIыкIу дыдэурэ яупщIатэ, тебэм ит тхъу къэплъам халъхьэ, зэIащIэурэ лантIэ хъуху, тхъуэплъыфэ къытеуэху ягъэлыбжьэ, итIанэ, зэIащIэурэ, шыбжий сыр плъыжь хьэжар хаудэри, псори зэрызэщIэлъу ягъэлыбжьэ, тхъуэплъ дахэ хъуху. ИтIанэ абы щIакIэ шыгъу зыхэлъ, шатэкIэ зэIыха джэдыкIэ уда, тебащхьэр трапIэжри, зэрагъэдзэкIыурэ ягъажьэ.

Iэнэм пщтыру тепщэчкIэ трагъэувэ. Дашх пIастэ, мырамысэ хуабэ.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):*** джэдыкIэу – 3, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 70, тхъууэ - г 40, шатэу - г 20, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

## Ерэн



Ерэныр нэхъ щащIыр гъэмахуэрщ. Шху гъэпцIагъащIэр зэрыхуабэу яудэри, щIыIапIэм ягъэув, нэху кърагъэкIри, аргуэру яудэ. Абы псыхуэлIэр фIыуэ ирегъэкI, кIуэцIымкIи сэбэпщ. Лъы зи мащIэхэр ефэн хуейщ. Ерэн ящIын щхьэкIэ нэхъ ягъапцIэр шэ щIэхуащ. Ар нэхъ гуащIэ мэхъу, махуиплI-тхукIэ яхурикъун хуэдэу, кхъуэщынкIэ е кIэструлышхуэкIэ ягъапцIэ. Мыр мэкъуауэхэм, губгъуэм итхэм нэхъ ираф.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

# МыIэрысей цIыкIу



Хадэм узэрихьэу уи нэр техуэрт мыIэрысей жыгыщIэм пыт мыIэрысэ плъыжь закъуэм. Анэ гумащIэу а зыр ихъумэрт, ипIырт жыгыщIэм. Дуней къэхъукъащIэхэм – жьапщэм, уэм, узым – IэщIахащ адрей и «бынхэр». И гъунэгъу жыгхэми зыри япытыжтэкъым. Хадэм къихьэ псоми жыгыщIэ цIыкIум яжриIэ хуэдэщ: «Феплъыт мы си япэ быным и дахагъым».

Ауэ... Тхьэм ещIэ а зы мыIэрысэ закъуэ къэнам ухыгъэ хуэхъунур. Упсэун, укъэхъун папщIэ, щIыуэпсым упэщIэтын хуейщ, упэмылъэщмэ, и гущIэгъу къыплъимыгъэсмэ, ущыIэжкъым.

Мы жыг цIыкIур сэ изогъэщхь зи бын хуэгумащIэу зыпI анэм. Быныр анэм дунейм къытрегъэхьэри, теубгъуауэ епI: Тхьэ хуолъэIу, мафIэми, псыми, узми ящехъумэ. Зэрыщихъумэр илъэскъым, илъэситIкъым, атIэ и гъащIэм и фIыпIэр, и щIалэгъуэ дахэр трегъэкIуадэ.

# ХьэтIалэ

Ди хьэблэм дэсащ гъукIэ Iэзэ гуэр, ХьэтIалэкIэ еджэу. «ГъущIым псэ къыпигъакIэми ярейщ» хужаIэу Iэзэт ар. Колхоз гъукIэу арати, имыщI щыIэтэкъым, гуи, пхъэIэщи, къитхъи, адрей бел, хьэмфIанэ жыхуаIэхэм я гугъу умыщIыххэ. Япэу къуажэм урыс шыгу щызыщIар арат. ЗытрищIыкIар Бахъсэн къалэ щилъэгъуа «урыс бричкэ» жыхуаIэрат.

Зы махуэ гуэрым ХьэтIалэ лъащэу кIыщым щIэту, бригадирыр щIохьэри и фIэщу йопщI:

- Уа, ХьэтIалэ, мафIэгу къежьауэ жаIэри, пхуэмыщIыну пIэрэ? – жеIэри.

- МафIэгу жыпIа? – ХьэтIалэ фIэгъэщIэгъуэну, лэжьыгъэр зэпегъэури, бригадирым къоплъ:

- Ар мафIэкIэ зекIуэу арагъэнщ, пэшхьэку тету.

- Аращ-тIэ, щымафIэгукIэ. Апхуэдэ зы диIамэ, дыунат. Шыи выи хэмыту дывэнт, дысэнт.

- Уэлэхьи, ар телъыджэм. Дэнэ апхуэдэ щыплъэгъуар?

- КъалэкIыхьым дэту жаIэ, къижыхьу.

- КIуауэ еплъын хуейщ, - жеIэ ХьэтIалэ.

- КIуэ-тIэ, сэ шы уэстынщ.

Арати, нэхущым шууэ йожьэ ХьэтIалэ, КъалэкIыхьым кIуэну. Къулъшыкъухэм деж ар станцым нос. Плъэмэ, елъагъу Iугъуэ фIыцIэ щхьэщыту, фийуэ къытелъадэ мафIэгур.

- Алоуэхь, мыр сыту ин, сыту кIыхь, - игъэщIагъуэу йоплъри щытщ абы ХьэтIалэ, шым къемыпсыхыу. - Уэлэхьи, уи адэр къэпшамэ, пхуэмыщIын, ХьэтIалэ ар уэ, - зыжреIэжри, къожьэж.

Колхоз пщIантIэм къыщыдыхьэжым, бригадирыр къыпожьэ, шым ирегъэпсыхри къоупщI:

- ПхуэщIыну укъигъэгугъэрэ? - жеIэри.

ХьэтIалэ хуейтэкъым и зэфIэкIыр игъэлъэхъшэнуи.

- Уэлэхьи, гъущI куэдыIуэ ихыну ахъумэ, зыгуэр есщIэнтэмэ, - жеIэри и кIыщым щIохьэж.

**ШЫГЪУШЭ Алий**.

## Джэду здэщымыIэм дзыгъуэр щоятэ

- ♦**КъуанщIэм нэ хуащIати, набдзэ жиIащ.**
- ♦**СопащIэ жыпIэу, шы лъэхъа умышэс.**
- ♦**Уи кIэ зэрымыкIынум уи щхьэ иумыIу.**
- ♦**Iуэху зи Iуэхур Iуэху ирохьэлIэри, шхэн зи Iуэхур шхын ирохьэлIэ.**
- ♦**Ажалыр бжэщхьэIум нэхърэ нэхъ благъэщ.**
- ♦**Псалъэ бутIыпщам аркъэн кIэлъумыдзыж.**
- ♦**Яжьэжь щIахар къыщIахьэжкIэ хуабэ хъужыркъым.**
- ♦**Дыгъужьыгъуэм гъэлъхуэщ тращIыхьрэ?**
- ♦**ХъумпIэцIэджыр, бзум зыпищIыжу лъатэри, къуанщIэм ишхащ.**
- ♦**Джэду здэщымыIэм дзыгъуэр щоятэ.**
- ♦**Бжэным щынэ къилъхуркъым.**
- ♦**Куэдым ущыгугъыу мащIэм зыхыумыгъэкIыж.**

# Хэт и щIалэгъуэ насыпым ебджэр?

Сэ лъэмыж кIапэм сынытеувэри, уэ сыноплъа къудейт уи напIэр къыщехуэхам. Щхьэ апхуэдизу нэщхъей ухъуа? Пэгуным къибгъэхъуа псынэпс къабзэм хыумылъагъуэу ара уи гум къилъыхъуэр? Умынэщхъей апхуэдизу, къэIэт уи щхьэр. КъэкIуэнщ Ари. КъэкIуэнщ дыгъэпсым ириджэгуу, гъатхэ удз гъэгъакIэ хуэпауэ, псэр зыгъэпIейтей макъамэр и Iупэтелъу.

Сыт пщIэр? Щхьэ псы пэгуныр ипкIутыжауэ ущыт, унэщхъейуэ? А ипкIутыжа псым нэхъ хэплъэгъуэн къыпфIэщIауэ арат Абы и теплъэр? Къаплъэ си дежкIэ, еупщI мы си гум. ИтIанэ уэ къэпщIэнущ а уи гур иджыри къэс зылъыхъуар. Сэ зэкIэ лъэмыж кIапэм сытету Iэнкуну сыноплъ къудейуэ аращ, уи деж сыкъэкIуа нэужь ныбжесIэну гурыщIэ псалъэхэр мы псым и Iущащэ макъым къыхэсщыпыкIыу.

* * *

Умыухыт уэрэдыр, дахащэ! А уэрэдым мы си гур егъэпIейтей. А макъамэр сэ къызэджэ зэпытщ. Уэ ар къыщIипшри къызыхуипшри сэ сщIэркъым, ауэ мы си гур абы зэпымыууэ и дзасэпэфIэлъщ. Сэ си гурыщIэр толъкъуну абы къегъэукъубий! Хэт насыпыфIэ пщIыр уэ а уи уэрэдымкIэ? Хэт и щIалэгъуэ насыпым ебджэр? Хэт апхуэдэ гъуэгу нэхукIэ узыхуэхъуапсэр? Къэгъазэ уи гупэр, сэ схужыIэ зы уэрэд! Сэ сошынэ, уэрэдыр бухыу, мы дунейр уэрэдыншэ пщIынкIэ.

Дэнэ уэ апхуэдэ макъамэр къыздипхыр, гур зэщIигъэсту, игъэпхъэру?! Унэм сыщIигъэсыжкъым, пщIантIэм сыдигъэтыжкъым... СынолъэIу: кхъыIэ, умыух уи уэрэдыр. Уи уэрэдырщ си гъащIэр кIэухыншэ зыщIыр.

**ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн**.

# Псалъэзэблэдз



**ЕкIуэкIыу**: **5**. Iуащхьэмахуэ и щыгу япэ дыдэу дэкIа ... Чылар. **7**. ... и пIэ ... къокIэж. **9**. Iуданэу зэхэща кIапсэ псыгъуэ цIыкIу. **11**. Уэшх къешхри, уэрамхэр ... хъуащ. **12**. Зэгуамыгъэжу Iэщым (бжэным) траха фэ. **14**. Гупыр щызэхыхьэм шу пашэ, къыщагъэзэжкIэ шу ... **15**. Уэлбанэм и лъэужь псы ина. **16**. ... яхьри, дыгъуакIуэр полицэм яубыдащ. **18**. «Нобэ хуэдэу адыгэкъуэр ... пхылъэту щытыгъакъым» - ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романым и щIэдзапIэ. **20**. Адыгэш лъэпкъ.

***Къехыу:*** **1**. ХадэхэкI. **2**. Зи Iуэ ит нэхърэ зи ... ит. **3**. Къуалэбзу пщэ псыгъуэлъакъуэ псыгъуэ, уэрэд зыбжанэ траусыхьауэ. **4**. ХьэкIэпычым гу кIуэм ... къыкIэреуд. **6**. Кърагъэблыжу жэмым къыщIаш шэ. 8. Нартхэм я бжьамияпщэ. **10**. Жэм ... буурейщ. **13**. Нартыху гъэтIылъыпIэ. **14**. ЦIыхубз щыгъын. **16**. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **17**. КIуэ пэтми ... зымыкIу. **18**. Зи щхьэгъусэм къыбгъэдэкIыжа цIыхубз. **19**. Хьэцэпэцэ къэкIыгъэ.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ**.

***Мэкъуауэгъуэм и 25-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **3**. Дыгъужьым. **6**. Махуэ. **7**. ГъащIэ. **8**. ФащIэ. **9**. ЩIыр. **10**. Блэ. **11**. Къэси. **13**. Шынэ. **14**. УфIмэ. **15**. Факъырэ.

***Къехыу:*** **1**. ЗыщIэф. **2**. ЦIыхугъэ. **4**. Сабырым. **5**. УщIалэмэ. **11**. КъэдаIуэ. **12**. Иужьрей.

Гъуазджэ • Зэпеуэ • КъБР-м щыIэ МВД-м къет





# «Вагъуэ цIыкIум» и илъэсипщI гъуэгуанэ

**Музыкэ театрым щагъэлъэпIащ Шэджэм районым хыхьэ Нартан къуажэм лъэпкъ къафэхэмкIэ щапхъэу къалъытэ «Вагъуэ цIыкIу» и сабий ансамблыр (художественнэ унафэщIыр КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Къурашэ Эдуардщ) къызэрызэрагъэпэщрэ илъэсипщI зэрырикъур. Къафэр зи псэм хэлъ ныбжьыщIэхэр щагъафIэ концертыр гукъинэжу къызэрагъэпэщащ. Ар иригъэкIуэкIащ режиссёр Гумэ Маринэ.**



ГУПЫМ и концертым кърихьэлIахэр лъэпкъ къафэ лIэужьыгъуэхэмкIэ (адыгэ уэркъ къафэ, къафэ, удж хэш, удж пыху, зэныбжьэгъуищым я къафэ, авар пщащэм и къафэ, сэхэтIэ къафэ, мэлыхъуэ къафэ, убых лъапэрышэ, ислъэмей, удз гъэгъахэм я къафэ, нэгъуэщIхэри) хагъэгъуэзащ адыгэ къафэ гъуазджэм и дахагъэм, и мыхьэнэм. А псом дэщIыгъужт ныбжьыщIэхэм ди лъэпкъым и хабзэхэмрэ гъуазджэмрэ хуаIэ лъагъуныгъэр. Къафэм къыдэкIуэу, ахэр пшынэмрэ бэрэбанымкIи зэрымыхуэмыхур умыгъэщIэгъуэн плъэкIыртэкъым. Ар зи фIыщIэр сабийхэм псэемыблэжу ядэлажьэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, пшынауэ цIэрыIуэ Сэхъу Хьэсэнрэ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, бэрэбэнауэ Iэзэ Шэрэдж Алийрэщ. ЦIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа «Вагъуэ цIыкIу» сабий ансамблым хэтхэр я фащэкIи зыIыгъыкIэкIи къызыхуэтыншэу зэпэщу утыку зэритым укIэлъыплъыну гухэхъуэт. Концертыр ягъэдэхащ щапхъэу къалъытэ «Ассорти» (Прохладнэ къалэ), «Эльбрус», «Нал цIыкIу», «Каллисто» къэфакIуэ гупхэм.

Утыкур зыгъэбжьыфIа артист ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор, Шэджэм район администрацэм и Iэтащхьэ Борсэ Юрэ, Шэджэм район администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI Къабжьыхь Эммэ, Нартан къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Урыс Эльдар, КПРФ-м и къудамэу КъБР-м щыIэм и тхьэмадэ Пащты Борис, нэгъуэщIхэри.

Къэпсэлъахэм къыхагъэщащ «Вагъуэ цIыкIу» ансамблым и къэфакIуэхэм хьэл-щэн дахэ зэрыдалъагъур, я зэфIэкIыр куэдым щапхъэ зэрахуэхъуар, я ехъулIэныгъэхэм зэрыригушхуэр, республикэм, къэралым щекIуэкI щэнхабзэ, гъуазджэ зэхыхьэхэр зэрагъэдахэр.

ЩIыналъэ, урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытIэу адрейхэм щефIэкIа гупым нобэ сабии 120-рэ хэтщ. 2014 гъэм Сочэ къалэм щекIуэкIа «Дахагъэм дунейр къригъэлынущ» дунейпсо телевизионнэ зэпеуэм и Гран-при-мрэ япэ увыпIэмрэ абы къыхуагъэфэщащ. Пашэ щыхъуащ къафэхэмкIэ 2016 гъэм екIуэкIа «Мэзкуу бжьыхьэ» япэ федеральнэ зэпеуэм. КъищынэмыщIауэ, Санкт-Петербург щекIуэкIа «НЕВА-Данс» III урысейпсо зэпеуэм хагъэхьа къафэ лIэужьыгъуэ псоми «Вагъуэ цIыкIур» зэрыщытекIуар, лауреат зэрыщыхъуар къалъытэри, ар зи жэрдэм «Алые паруса» щэнхабзэ фондым и «Дэрэжэгъуэ» саугъэтыр кърагащ. Мы гъэри ансамблым хуэугъурлащ: гупыр зыхэта зэпеуэхэм (ди республикэм, Сочэ къалэм, Осетие Ищхъэрэм жыпIэми) Гран-при-р, япэ увыпIэхэр къыщихьащ.

- Дызэрыгушхуэ къэфакIуэхэр фестивалхэм, зэхьэзэхуэхэм нэхъыбэу зэрыхэтым Iэмал къарет я зэфIэкIхэр къапщытэжыну, щIэхэм нэхъ тегушхуэну, - жеIэ Къурашэ Эдуард. - Ди фIэщ мэхъу лъэпкъым къыдекIуэкI хъугъуэфIыгъуэхэр ди щIэблэм IэщIыб зэримыщIынур. Нэхъыбэу зи ужь дитыр цIыкIухэр Интернетым къиишэ зэраныгъэхэм, мыхъумыщIагъэхэм пэIэщIэ тщIынырщ, пасэрей макъамэхэмрэ къафэхэмрэ дедгъэхьэхыу, лъэпкъ хабзэм, бзэм, фащэм зэрыщIэтпIыкIыным дыхущIокъу. Лъэпкъым къыдекIуэкI хъугъуэфIыгъуэхэр, ди къафэ лIэужьыгъуэхэр щIэблэм ихъумэнырщ дызыталажьэр. А псор къыдэхъулIэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ адэ-анэхэм Iуэхур къызэрыддаIыгъым, сыткIи я быным щIэгъэкъуэн зэрахуэхъум. Гупым и ехъулIэныгъэхэр си щхьэ хуэсхьыркъым, си лэжьэгъухэри адэ-анэхэри зы унагъуэм хуэдэу дыздэIэпыкъуу дызэрызэдэлажьэм къыпэкIуэ фIыгъуэщ.

Шэджэм районым хыхьэ Нартан къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм бадзэуэгъуэм и 2-м «Вагъуэ цIыкIу» ансамблым щитыну юбилей концертым фрагъэблагъэ. Ар иригъэкIуэкIынущ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ КIэхумахуэ ФатIимэ.

*Тхыгъэри сурэтхэри* **ТЕКIУЖЬ Заретэ** *ейщ.*



# МафIэсгъэункIыфI нэхъыфI

**«2022 гъэм и мафIэсгъэункIыфI нэхъыфI» еплъыныгъэ-зэпеуэ иджыблагъэ щекIуэкIащ МафIэс-къегъэлакIуэ часть №1-м и хэщIапIэм.**

АБЫ хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэт-къегъэлакIуэ IэнатIэм и къудамэ псоми я мафIэсгъэункIыфIхэр. Ар ирагъэкIуэкI я лэжьыгъэм зэрыхуэхьэзырыр, я IэщIагъэм зэрыхуэIэижьыр къэпщытэн икIи Iуэхущ IапIэм и мафIэсгъэункIыфI нэхъыфIыр къыхэхын мурадкIэ.

Еплъыныгъэ-зэпеуэм и япэ Iыхьэм щагъэлъэгъуащ строевой, тактикэ-хэха хьэзырыныгъэр, етIуанэ Iыхьэм упщIэхэм жэуап щратащ.

Зэхьэзэхуэм кърикIуахэр къызэщIакъуэжри, 2022 гъэм и ма-



фIэсгъэункIыфI нэхъыфIу къалъытащ мафIэс-къегъэлакIуэ часть №20-м (Бахъсэн район, Къубэ-Тэбэ къу.) и лэжьакIуэ Тохъутэмыщ Мухьэмэд. ЕтIуанэ увыпIэр, нэгъаби хуэдэу, къиихьащ ПСЧ-17-м (Каменномост къу., Дзэлыкъуэ район) Бей Азэмэт. Ещанэ хъуащ ГъуэплъащIэ Щамил (ПСЧ-6, Май къ.).

Тохъутэмыщ Мухьэмэд щIалэщ, и ныбжьыр илъэс 23-рэ хъууэ аращ, ауэ Iуэхум, и IэщIагъэм фIыуэ хещIыкI. Армэм ираджэху, абы тIэунейрэ ещанэ увыпIэр щиубыдауэ щытащ «МафIэсгъэункIыфI нэхъыфI», «Гъуэзымрэ Iугъуэмрэ щыхъумэнымкIэ лэжьакIуэ нэхъыфI» еплъыныгъэ зэпеуэхэм (2017, 2019 гъэхэм), апхуэдизри щытекIуащ «Къудамэм и командир нэхъыфI» (2018, 2019 гъэхэм) зэхьэзэхуэхэм. Дзэ къулыкъур ирихьэкIри, Мухьэмэд зыхэта IэнатIэм къигъэзэжащ икIи ерыщу и IэщIагъэм, щIэныгъэм, зэфIэкIым зэрыхигъахъуэр къегъэлъагъуэ. Иджырей и текIуэныгъэри абы и щыхьэтщ.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

# ГъащIэ узыншэм хуаущий

**КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэм кIэлъыплъынымкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм профилактикэ Iуэху щрагъэкIуэкIащ Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и колонием. Ар ирагъэхьэлIат Наркоманиемрэ наркотикхэр щэнымрэ ебэныным и дунейпсо махуэм. Тезырыр езыхьэкIхэм гурагъэIуащ наркотикхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ игъэкIыным уголовнэ, административнэ жэуапым узэрыришалIэр.**

IУЭХУ щхьэпэм хэтащ КъБР-м щыIэ МВД-м и УНК-м и оперуполномоченнэ нэхъыжь Давыдовэ Иринэ, Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм колоние №3 къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ, къэрал кIуэцI къулыкъум и подполковник Габаев Марат «СПИД-мрэ инфекцэ узыфэхэмрэ япэщIэтынымрэ профилактикэмкIэ центр» IуэхущIапIэм и дохутыр-инфекционист Хьэкъун Маринэ сымэ.

Нэхъыщхьэу ар теухуат суд зытращIыхьахэр зыщIэгупсысыжу гъуэгу захуэр къыхахыжыным, ахэр фIым хуэущииным, фадэмрэ наркотикымрэ итхьэкъуахэм ядэIэпыкъуным, фадэхэкI, наркотикхэкI, акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэм зыхуишэр ягурыгъэIуэным.

**УАРДЭ Жантинэ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.731 • Заказыр №1336

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А